

PANGAOS LANGGANAN:
 Sasasih f 1,50; Indonesia f 4,50
 laoreun Indonesia f 6,— sa ka-
 wartal, artosna ti pajoen.

PANGAOS ADVERTENTIE:
 40 cent sadjar (regel) sakali
 moeat. Nganggo contract lang-
 koeng mirah.

Hoofdredacteur: **IMBI DJAJAKOESOEMA**
 Redacteurs: **ADRYA DJAJAPRAWIRA**
 Moch. A. AFFANDIE

Sinar Pasundan

DIKALOEARKEUN KOE UITGEVERS MIJ. „SINAR PASUNDAN“ DI BANDOENG
 Agent: Publiciteitskantoor „De Globe“ Rijswijk, Batavia-Centrum

HOOFDKANTOOR:
 Redactie & Administratie
 Oude Kerkhofweg No. 16
 Telefoon No. 444 Bandoeng.

BIJKANTOOR:
 Krekot 27-29 - Telefoon 5862
 Batavia-Centrum.

Directeur: **ALI RATMAN**

Ditjakt Drukkerij „ECONOMY“

REBO 24 JANUARI 1934 — 8 SAWAL 1352
 No. 18 — TAOEN KA II.

Ambtenaren djeung Hoetang

SIANG PO geus ngoetip hij
 di bedja tina Batv. Nieuws
 blad anoe eusina njanitakeun, jen
 koe Kantoer Koloniale Secretarie
 di Singapoera geus dikaloearkeun
 rarantjang hidji angger-angger
 pikeun sakoemna ambtenaren noe
 digarawe di bawahan Singapoera
 [Inggris], njezag baroga hoetang.

Aja tiloe voorstel anoe penting
 anoe perloe dibandoengan koe
 oerang, malah mandar aja goe-
 nana pikeun kasalametan corps
 ambtenaren di Indonesia:

1. Sakabeh Ambtenaar dilarang
 nanda soerat hoetang, kadjabala
 moen hoetang Pamarentah atawa
 orediet-cooperatie ver-
 eeniging anoe geus disah-
 keun koe Nagara.

2. Sakabeh ambtenaren dipen-
 taan soepaja njangakeun tjeat-
 tan anbe komplet sabaraha djeung
 ka saha-sahana maranehanana ba-
 roga hoetang.

3. Lamoen perloe ambtenaar
 noe gedie hoetang baris dipaksa
 dina menta teken failliet.

Sakitoe voorstel anoe baris
 didjalankeun ka ambtenaren di
 Singapoera. Djadi tjindeknana lain
 bae ngahagal ngandjoek doeit sa
 koemaha biasa make djaln accep-
 tatie atawa obligatie, tapi ieu mah
 sigana njeun (nanda) bon oge teu
 meunang. Da boektina noe dilarang
 teh nanda saroeaning soerat hoe-
 tang. Meuli badjoe, kadaharan
 keur roemah tangga kabeh koe-
 doe contant, neken saroeaning
 noe bakal djadi hoetang dilarang,
 sarta diantjam sing saha anoe nga
 langgar baris dilepas tina kapang
 katanana.

Lamoen oerang njoreang ning-
 lan kaajaan ambtenaren di oerang,
 tetela kabina-bina noe sok nga
 djadikeun lantaran kana gederna
 hoetang teh taja lian ngan koe
 ajana sistem „bon.“ Rasa
 manch [mokaha], rasa manch di
 pertjaja, saban powe nanda bon,
 ka waroeng tea, ka toko tea,
 keur oedoe, keur nginoem, kitoe
 deui keur dabar, tara make di
 pikir pandjang, habek-habek bae
 neken bon, anoe antoekna nga
 djadikeun kasoesahan anoe lain
 joemajan. Djeung eta karasana
 asa teu sabaraha, sakali neken
 2 atawa f 3.— bae mah, asa ka
 tjida saeutikna, teu inget jen
 neken teh geus mindeng, da boek
 tina ari geus djol mah oesoemna
 dibajar, make aja poeloe prak
 na. Sakitoe teh ka hidji toko,
 tatjan-toko noe sedjen. Antoe-
 antoekna nja nepi ka ledis pisan
 gadjih teh. Keur stor ka imah,
 kapaksa gagajapakan neangan
 deui, andjoek hoetang, nepi ka
 sok teroes wani neken „accep-
 tatie.“ Leuheung meueus lamoen
 ngan seseret kitob, ngan saokoer
 ngandjoek, naradjang lamoen
 geus oejoe-ajap kana doeit
 „panas“, ieu leuwih gedie bahaja
 na, djaba ti matak dieureunkeun
 tina pagawean teh, deui matak
 oenggah bale watangan, nepi ka
 nandanganana hoekoeman. Taja
 lian bibitna mah bon noe
 djadi lantapan.

Ana hoetang geus patoempang
 tindih, ana bon geus loba anoe
 teu kabajar, tangtoe pisan napsae
 kana ngindjeun sakeu-
 deung atawa ngetjlok doeit
 „panas“ ge djadi leuwih gedie.

Anoe matak kawas hade oge
 lamoen eta voorstel kantoer
 Koloniale Secretarie terhadap ka
 ambtenaren di Singapoera teh,
 didjalankeun di oerang.

Lain bae nangtajoengan kasa-
 lametanana ambtenaren saemoem-
 na, tapi oge nangtajoengan kasa-
 lametan Kas Nagara, djeung nga
 djaga kaloehoenganana Nagara,
 sangkan ambtenarenana kabeh
 bersih tina saroeaning katjode
 kaan pasal ngoeroes doeit.

Di oerang, babakoena keur ka-
 oem B. B. ambtenaren, bedjana
 geus aja circulair [geheim] ti Gov-
 verneur West Java, anoe ngan-
 tjam ka sing saha B.B.-ambtena-
 ren anoe gana-gana wani ngan-
 djoek doeit, leuwih tina tanagan
 atawa kakeatanana majar. Noe
 kitoe tanwande „lepas“ boe-
 roehna. Malah geus aja tjontona,
 njaeta kadjadian djeung salirana
 noe djadi Wadana di Balaradja
 tea.

Tina ieu pasal, pasal ngalarang
 ambtenaren njeun bon kawarna
 Siang Po nembongkeun timba-
 nganana, jen tjenah ieu teh bisa
 nimboelkeun kalangkaboetna per-
 oesahaan Tiong Hoa. Ari lanta-
 ranana, taja lian, sabab gegede
 na toko-toko Tiong Hoa teh di
 beulianana koe ambtenaren, toer
 maake sistem „bon“ tea.

Kieu tjenah tjeuk Siang Po mah:

Tapi kaloe atoeran sabagi di
 Singapore aken didjalanken pada
 ambtenaren di sini, tentoe di sini
 bakal terdjadi revolutive, boekan
 revolutive berarti riboet-riboet, tapi
 revolutive berarti kagontjangan
 dalam pengidoeannja ambtena-
 ren dan kagontjangan dieoga da-
 lem perdagangan pertengahan di
 sini. Sebab soeda sakali bahoea
 orang di sini, teroetama koe
 ambtenaren, idoeop dengan sistem
 bon pada toko-toko.

Djadi noe dipake salempangna
 teh, bisa matak djadi moendoerna
 peroesahaan. Sabab djaba ti soe-
 sah laokoena barang teh, lamoen
 koedoe contant bae mah, deui ba-
 baja pikeun anoe geus baroga
 hoetang. Kadang-kadang moald
 balajar, ngoesoetkeun boekoe.

Moenggoehing tjeuk oerang
 mah, juist sabalikna. Sabab lamoen
 salawasna barang-barang tea la-
 koena contant, tangtoe golangan
 doeit leuwih gantjang, toer kaala
 na bati, sanadjan saeutik leuwih
 tereh.

Sistem npe dipake koe Djeung
 ajeuna oge rapan najitoe pisan.
 Kadjeun bati saeutik asal gantjang
 moeterna doeit. Nja boektina beu-
 beunanganana leuwih gedie batan
 anoe ngarah bati gedie, dina wak-
 toe anoe lila.

Tapi dina panoetopanana
 Siang Po oge nembongkeun ke-
 sbetoedjoenanana kana ajana ieu
 atean teh. Tjenah:

Bezuiniging.

Koe ajana crisis anoe saktieu
 hebatna, pamarentah ngarasa ka-
 koerangan doeit, sarta soepaja
 bisa ngirit-ngirit ongkos nagara,
 pamarentah teroes-teroesan nga-
 jakeun bezuiniging (penghematan)
 koe djalan ngeureun-geureun-
 keun pagawena ti saban-saban go-
 longan.

Kaom boeroeh anoe dieureun-
 keun tangtoe ngarasa sedih, sedeng
 kaom boeroeh anoe masih keneh
 digawe, salawasna ngarasa hari-
 wang, henteu djongdjon sadjore-
 ning digawe sieun ditaradjang koe
 peso penghematan.

Noe dieureunkeun geus poegoeh
 djadi kaom ngangoer
 Ajeuna anoe masih digarawe
 keneh, anoe salawasna ngarasa
 hariwang tea, anoe gadjihna eng
 geus diteroen-teroenkeun.

Koe ajana hal-hal anoe kase-
 boet diloehoer koe ajana potongan
 potongan gadjih, henteu moestail
 nimboelkeun roepa-roepa katoe-
 genahan di kalangan kaom boe-
 roeh anoe masih keneh digarawe
 tea.

Kitoe deui koe ajana katoege-
 nahan tea, dina Sin. Pas. dde. 15
 Januari hidji Indonesier B.B. geus
 njeun artikel anoe djoedoelna,
 „Lamoen pamarentah rek ngirit
 ngirit.“

Dina eta artikel djrg. Ind. B.B.
 mere pamandangan anoe ditoe-
 djoeleun ka pamarentah, tjenah
 pikeun ngajakeun penghematan
 ti nimbang pamarentah ngalepa-
 san pagawe-pagawena, leuwih ha-
 de Volksraad djeung raad-raad
 anoe sedjen dileungitkeun sama
 sakali.

Djrg. Ind. B. B. ngabogaan
 anggapan Raad-raad anoe aja
 euweuh goenana da woengkoel
 advies bureau tjenah.

Sateroesna djrg. Ind. B.B. boga
 anggapan pikeun ngoeroes nagara
 mah, koe ajana R.v.I. Directeur
 Departementen, Resident dj. s. t.
 tjeukoep pikeun djadi tangant-
 jang pamarentah sarta leuwih
 pinter tibatan oerang Pedjambon.
 Anggapan djrg. Ind. B.B. tina
 hal ajana Volksraad djeung raad-
 raad anoe sedjen, memang enja
 kitoe, sarta merenah pisan
 Volksraad diseboet „Kamedi
 Omgong“ teh.

Goenana raad anoe aja di In-
 donesia, satadina mah djadi pang
 harepan ti rajat loba, rehna rajat
 geus dibawa tjemoerita ngoeroes
 nagara, mere kapertajaan mere
 arep-arepeun ka rajat, soegan
 djeung soegan koe djalan raad-
 raad bisa nintjak kana tahapan
 noe leuwih loehoer.

Noeroetkeun timbangan kaom
 „non“, raad-raad teh woengkoel
 mengaboel mata rajat, soepaja tje-
 koep koe sakitoe.

Nembongkeun ka democrasian,
 bener saer djr. Ind. B.B., democ-
 ratie djadjahan moal bisa sam-
 poerna.

Koe ajana bezuiniging anoe sa-
 kieu hebatna, sarta geus kanjaha-
 an Volksraad djeung raad-raad
 anoe sedjen euweuh goenana, naha
 perloe eta raad-raad teh di leu-
 ngitkeun, saperti saer djr. Ind.
 B.B.?

Aja of euweuh raad-raad saenja-
 na pikeun rajat djadjahan tinggal
 saroea.

Dan toko-toko gampang men-
 djadi korban, sebab antaranja jang
 lakoeken itoe „pakerdjaan“ ada
 teritoeng ambtenaren jang mem-
 poenjai kadoedoeken tinggi, saba-
 gi Inspecteur Financiën, dan laen-
 laen pembesar negri.

Sabagi doeloeran kita bilang, per-
 boean demikian dari itoe ambe-
 naren meroegiken Pamerenta poe-
 nja prestatie terhadap publik.
 Maka kita anggep perloe soepaja
 tindakan diambil boeat menjaga
 terdjadina perboean-perboean
 demikian.

Dan kaloe tindakan itoe di-
 ambil, kaom toko-toko middenstand
 Tionghoa, jang keada-anna seka-
 rang soeda tida tenaloe bagoes,
 aken membilang banjak-banjak
 trima-kasi!



Depami djoeragan kataradjang pilig,
 sanes sapootangan atoech landongna,
 nanging
ASPIRIN
 Tablet alit, moeng ageng maon-
 natnal

Di loehoer geus diterangkeun,
 jen Volksraad djeung raad-raad
 anoe sedjen teu euweuh goenana
 babakoena pisan dina soal eusi
 b e u t e u n g rajat. Ieu geus njata
 teu bisa dipoengkir deui.

Tapi tah palebah dieu
 aja tapina. Oepama raad-raad tea
 dileungitkeun, van zelf bakal
 timboel deui paparentahan model
 bedi soendoe, bakal timboel deui
 autocratie anoe euweuh wates-
 wangenana dina sagala lapangan,
 ganti sifat paparentahan teh balik
 deui ka alam feodal.

Naon anoe bakal karandapan
 koe rajat, lamoen paparentahan
 balik deui kana model feodal,
 koe sadajana oge tiasa kangambar.

Nja ari aja raad-raad onaman,
 sanadjan enja ogedjadi komedi
 omong, aja oge goenana pikeun
 ngawatesanan kana sipatna auto-
 cratie, sanadjan eta kagoenaan
 teh, henteu sabaraha berarti dina
 soal economie.

Eta tjenah ongkosna gede teuing
 pikeun raad-raad teh, sedeng
 goena ngan oekoer sabeu-
 njeur. Komo pisan boe oepama
 euweuh Volksraad djeung raad-
 raad anoe sedjen mah kaajaan di
 Indonesia leuwih ti kieu.

Dina palebah dieu timboel hidji
 pertajaan: Koemaha atoech koe-
 doena, soepaja rajat oemoemna,
 atawa kaom boeroeh choesoesa-
 na bisa sampoerna?

Nja djaln soal ieu pisan anoe
 koe oerang koedoe diteangan.
 Baik deui kana zaman feodal,
 henteu matak djadi kasalametan
 ka rajat.

Euweuh deui djalana kadjaba
 ti kaom boeroeh choesoesa,
 rajat oemoemna koedoe pada
 menjoesoen diri, soepaja bisa djadi
 koet, pikeun nahan sagala roepa
 hal-hal anoe matak njilakakeun
 nasibna kaom boeroeh.

Naon anoe geus kadjadian, koe-
 doe djadi eunteung dina perdja-
 lanana. Pikeun Volksraad, rek aja
 atawa euweuh henteu djadi hidji
 soal anoe penting dina masjara-
 kat kolonial mah, tapi oerang ti
 ajeuna koedoe geus njaho atawa
 njeun goerat perbedaan pikeun
 ngabedakeun masjarakat kolonial
 djeung masjarakat Indonesia, anoe
 pinoech koe kaom marhaen.



Kaleob tjipanas.

Nepi ka maotna.
 Kamar dikontrakan Teh Tji-
 patat, geus aja kadjadian, hidji
 pagawe fabrik kaleob koe tji-
 panas tina ketel.

Kaajaanana eta pagawe, katjida
 ripoechna nepikeun ka awakna
 roeksak, kalawan teroes dibawa
 ka Hospitaal Militer Tjimahi.
 Patali djeung kadjadian ieu,
 naha noe djadi anak bodjona teh,
 baris meunang karoeagian ti eta
 fabrik atawa henteu?

Koemaha kaadilanana tina ieu
 kadjadian, oerang toenggoe-toeng-
 goe bae.

Pest ngamoek.
 Di kampoeng Sekelimos Boeah
 batoe ajeuna keur meudjehna
 diamoek koe pest, teu siritna
 ampir oenggal poe bae aja noe
 dikoeboer, imah-imah geus loba
 noe dikosongkeun parindah ka
 sedjen tempat. Lain bae di kam-
 poeng Sekelimos, tapi oge di
 kampoeng-kampoeng bawahan
 Boeahbatoe keur meudjehna
 rongkah amoek-amoekanana sa-
 kadang pest.

Moega-moega noe wadjib
 kersa nangtajoengan ka abdi-
 abdina noe keur sedeng tagwoer
 sieun kaamoek, koemaha dilana
 sangkan tiasa nolak eta anakit
 Moegi diperhaktikeun.!!

Marema.
 Pikeun bangsa kaom pada-
 gang, kalolobaanana oepama rek
 lebaran teh katjida pisan diarep-
 arepna, dipake kaboengah, tjek
 babasaan tea mah dipake goe-
 noeng pananggeuhan, koe lantaran
 didinja pikeun tjengtelenganana;
 sawadina lamoen koe oerang di
 lenjepan, enja bener eta teh, sabab
 koe oerang oge sarerea katjida
 pisan diperloekuanana, boh pikeun
 pakeun atawa dahareun hoeat
 njoemponan poe lebaran tea, ka-
 pan teu boga oge dibelaan ngan-
 djoek ngahoetang, geuning koe
 bangsa padagang mah pi 2 poe-
 eun deui kana waktoena dise-
 boetna oge „marema“.

Koe ajana ieu ketjap marema,
 di Tjililin geus aja kadjadian hidji
 toekang djagal mangadoe ka
 Katjamatan, koe lantaran daga-
 nganana koerang lakoe, ari sa-
 babna di kampoeng-kampoeng
 loba anoe mareuntit moending,
 da pirakoe 1 moending dipake
 sidekah lebaran koe 1 atawa 10
 djalma mah lian ti didjaroelan,
 nepi ka ngadjadikeun katoegenah-
 an ka para toekang djagal.
 Malah meuntitna oge lain-lain
 atjan dina tempatna, ieu mah di
 kebon-kebon awi, sedeng oewang
 pamotongna ngan oekoer f 3.—,
 kapan ari pikeun toekang djagal
 mah geus dipastikeun f 6.— Da
 eta tjenah, eta mah pikeun hadjat,
 enja koe kitoe tea mah, tapi tje-
 nah noeroetkeun oendang-oen-
 dang eta pikeun ongkos pamo-
 tong anoe f 3.— tea, lamoen
 oerang meuntit moending pikeun
 „hadjat“, „karajaan“ atawa „kapa-
 patenan“, tapi ari pikeun „side-
 kah“ Rewah, Moeloe atawa
 Lebaran mah beda deui.

Koemaha ditempat sanes-sanes-
 na aja oge kadjadian saroe-
 pikeun?

Koe ajana ieu kadjadian, moegi-
 moegi noe wadjib kersa merha-
 tikeun pikeun kapajoenna.

Tjai atah.
 Ieu basa pihartieunana mindeng
 pisan ditjaritakeun dina ieu soerat
 kabar. Langganan anoe dikirim
 perantaraan post, njaeta anoe di
 District atawa onderdistrict anoe
 henteu kaboeroe koe looper,
 nampana courant teh geus boedig
 alias letjek oeroet moekaan, ma-
 lah banna [adres] oge sok geus
 morosot, sakapeung mah nepi ka
 teu nampa pisan, ari ditanjakeun
 ka madjar teu datang.

Ieu teh taja lian, lian ti koe
 anoe hajang matjara ngalangan
 emboeng; emboeng soteh em-
 boeng ngaloearkeun eusi pesak,
 eusi pesak soteh lain boeboek
 bako, maar foeloes.

Enja bener, mending oge Tjai
 atah.

**Robahan-robahan di kalangan
 bestuur.**

Geus diangkat kana Asst. Wa-
 dana Ie. klas R. Mh'd. Soech-
 no Wardi Djaksa Tasik,
 djeung R. Oenden Martakoesoema,
 Asst. Wadana
 t/b di Kabupaten Bandoeng.

Koe Resident Priangan geus
 ditempatkeun djadi:

1. Asst. Wadana Tjadasngim-
 par district Darmaradja [Soew-
 dang], R. Hasan Soeriasa-
 tjakoesoemah tadina Tja-
 mat Tjitjadas [Oedjoengbroeng].

2. Asst. Wadana Tjitjadas R.
 Oenden Martakoesoema.
 3. Asst. Wadana Kamangpawit-
 an (Garot) R. Soebro
 Wardi, tadina Djaksa Tasik.

Onderdistrict noe
 dileungitkeun.

1. Tjanten district Bl. Limba-
 ngan, Koesabab district Limba-
 ngan dileungitkeun sarta sabagian
 dihidjikeun djeung Leles, katja-
 matan Tjanten pindah ka Lim-
 bangan, noe djadi Tjamatna di-
 angkat R. Wangsadirbata,
 oeroet Tjamat Tjanten.

2. Onderdistrict Nangkapait
 dioanti ngaranna djadi Soeka-
 wening, sarta standplaats noe
 djadi Tjamatna oge nja di Soe-
 wening, namatna tetep R.
 Ibrahim B. Adredja.

3. Onderdistrict Bodjong, salam
 pindah kotana ka Banjoeresmi
 (bereto mah Bagenit), sarta ngar-
 anna eta onderdistrict oge ajeuna
 mah djadi Banjoeresmi.

Noe djadi Tjamatna tetep noe
 tadina djadi Tjamat Bodjong sa-
 lam, njaeta R. Ichsan Soe-
 riadipradja.

Tatjan keneh bae diomean?

Dina ieu soerat kabar tg. 14
 December '33, djalan di Desa
 Pasawahan, kampoeng Tjigere-
 leng, djalan djadjahan noe dise-
 boet Gg. Hadji Basah, anoe bras-
 ka Tjangkoewang, geus katjarita-
 keun perkara goetengna nepi ka
 ngadjadikeun timboelna panjakit
 kanoe imah-imah di sisi eta dja-
 lan djadjahan.

Pobara handjakalna, barang eta
 bedja kaloeur lain diomean, tapi
 noe djadi loerah toedang-toeding
 ka oerang dinja, madjar geus
 ngasoepkeun eta kabaran.

Malah ajeuna mah beuki loe-
 tjoe make aja noe iseng-iseng
 nempelkeun merk „Gang Njing-
 sat“, sabab oenggal ngaliwat ka
 dinja daek teu daek koedoe njing
 sarukeun sampung, tina koe baw-
 ning djeblagna (ar-mblongan).

Ari kahajang teh lain moedoe
 diteangan noe noelisa, tapi dja-
 lanna koedoe diomean.

Lamoen eta djalan, djalan Desa,
 dipake naon ari kas Desa?
 Oerang dedengekeun bae.

P. B. S. I.

Kamadjoean djaman ajeuna, sok
 komo pikeun noe djadi kaom
 boeroeh, katjida perlona, kana
 ajana hidji beungkeutan pikeun
 ngoeatkeun masing-masing pa-
 gawe.

Sawatara poe katoekang, geus
 ngadeg hidji pakoeempoelan „Sa-
 rekat Koesir Indonesia“ djeung
 „Sarekat Kaom Typograaf In-
 donesia“ djst. noe geus katjida
 maradjoena kmo roe djadi pa-
 mingpin sakitoe soson-sosona
 pikeun ngamadjoek pakoem-
 poelanana, tapi sakoemaha ka-
 biasaan, taksiran bae geus kaan-
 tjikan rasa „boson“, bet teu koe
 hanteu, ajeuna geus „loes les“
 noe djaradi elidna pada ngalatiir.

Ajeuna, geus ngadeg deui hidji
 pakoeempoelan noe kaseboet di
 loehoer, njaeta, „Persatoean Pce-
 roeh separate Indonesia“ koe la-
 hirna ieu pakoeempoelan. moega-
 moega bae pagawe separate soe-
 moemna aja dina kamadjoean, koe
 kitoeana moegi noe djaranten, ata-
 napi noe hojong-aja dira kama-
 djoen djeung nintjak dina kala-
 ngan noe bener, hade sokong ieu
 pakoeempoelan.

Tapi pamoegi oelah
 nepi ka keuna panjakit
 bosonan.

Noe djaredi bestuur P.B.S.I.
 njaeta:

Ketoea; Pito.
 Penoelis & Bendahari, Entang
 Pembantoe; Sapei, Soerba, Ala-
 mat; c/o Anda toekang separate
 Kaom Tjimahi
 Padjoekoen, sing saha noe ha-
 jang maradjoe.

Plenovergadering P.S.I.B.

Meunang bedja ti noe beunang
 pertjaja, dina tanggal 25 boeln
 ieu, malem Djoemaah P.S.I.B.,
 baris ngajakeun Plenovergadering
 tempatna di Balai Andalas di
 Kleine Lengkonweg.

Dina metakeun timbangan oelah ingkar tina kaadilan.

Dina pasalia pikiran oelah mitjeun adat kasopanan.

Samboengan kamari. (Panoetop).

NAON noe teu katjoempnan noe instructie? Moeng eta bae pamoendoet djr. Toropong tina hal ngamadjoekun „politikna rajat, noe asal oelah bertentangan djeung atoran nagara kolonial“. Hajang ngoepingkeun naon noe dimaksud koe djr. Toropong palebah dieu. Kahartos noe disebut politik teh manawi „staatkundige politiek.“ moeng bae, hajang terang, politik noe koemaha, boh tangtongganana boh haloeanana, noe kedah di padjoekun koe Boepati Volks-hoofd teh. Taksiran, djr. Toropong palebah dieu mah waktos njerat eta kalimah henteu pati ngemoet bener-bener naon sajaktoana noe dimaksud koe andjeunna. „Pour le frase“ woengkoel?

Politieke overtuiging ngantjik di kadjelemaana, henteu ngantet kana padamelan, henteu ngantet kana kapangkatan.

Djadi objectief kapangkatan Boepati teh njoemponan kana martabat, „kapala rajat,“ sakoe-maha kamistian noe disebatkeun koe djr. Toropong. Djadi Boepati atawa Kapala rajat, noemoetkeun pamoendoet djr. Toropong tea, henteu aja bentenna. In wezen.

Koemaha ari bisana. Eta mah goemantoeng kana kaajaanana noe njepeng eta kapangkatan. Djadi oepami aja Boepati noe henteu iasa nekonan kana instructiena, noe sami tea atjijina mah sareng noe dipoendoet koe djr. Toropong pikeun noe djadi „Kapala rajat“ teh, eta mah „subjectief“. Manawi aja noe iasa aja noe kirang iasa, namoeng dina ajana noe kirang iasa henteu tiasa disebatkeun jen kapangkatanana, ka Boepatianana henteu njoemponan kana kamistian pikeun Kapala rajat. Ari noe di poendoet tea koe Kangdjing Boepati Pandeglang — o e p a m i ieu mah, oepami leres moendoet kitoe, margi dijsim koering mah tjara batoer bae teu terang — taksiran sanes pikeun andjeunna persoonlijk, tapi pikeun kapangkatanana.

IV. Panoetop, tina bab nota Kdj. Boepati Pandeglang.

Kapoengkoer dina serar-serar kabar parantos ear pada marasihan commentaar, babakoena pada njempad, nja sapertos djr. Toropong bae. Oepami diemoet-emoet mah matak pikasieuriun, ti hot hat sapertos noe merangan kalingkang. Margina sadajana critiek noe dikaloerkeun, njarandana kana wangwangan, kana taksiran bae, ngoedag-ngoedag ketjap dina A.I.D. Antoe kana dipaparah maksoedna eta nota, dipapantes, da poegoe ari njata mah kana eusina sadajana oge noe ngaloerkeun critiek teh, henteu aja saorang-oerang atjan. Boeah pikirana, lalamo-nana diseroepkeun kana pieusi-eunana nota, sarta bakating koe parna, nepi ka pertjaja mowal salah kitoe pimaksodeunana, pieusi-eunana eta nota teh. Een staaltje van zelfsuggestie! Tjeuk saha eusina notakitoe, tjeuk saha Kdj. Boepati Pandeglang hojong soepaja Boepati didjadikeun Volks-hoofd? Tjeuk saha andjeunna moendoet soepaja woengkoel In-heemsche pers dipeg? Tjeuk saha andjeunna moendoet soepaja Boepati sina djadi Oelil Amri? Naha aroenina karana jakin kana eusina eta nota noe sabenerna?

Duurloop.

Dina ieu koran geus ditjaritakeun perkara duurloop, dwars door Bandoeng, noe baris diaja keun koe P. S. I. B.

Ajeuna meunang bedja, ieu duurloop geus ditetepkeun baris diajakeun dina poe Kemis tanggal 18 Februari 1934. Ngamimi

Meureun tjeuk sadajana oge, noeroetkeun bedja ti A.I.D. Naha jakin jen A.I.D. henteu salah mere bedja atawa Aneta, sarta satjerewelena noe ditoeelis dina A.I.D. tjtjog djeung Nota. Bisa djadi kitoe, tapi naha oerang jakin kana kitoena? Ari pikeun njidikeun tea koedoe dibanding djeung nota noe aslina. Ari ieu saha noe geus matja notana antara noe mere critiek teh?

Saoer djr. Toropong koe andjeun eta nota teh ajeuna tatan ditoeomkeun (malah koe taksiran teu aja djalaj pikeun Pamarentah pikeun ngoemoekeun eusina eta nota, benten deui sareng eusina rapport Tijamare atanapi Bantam rapport). Kantenen teu aja pambangunan pikeun masihan pamandangan tea mah, ngoedag bedja ti A.I.D. tea, namoeng koe margi saperkawis sanes-officieel bedja dina A.I.D. teh, malah sanes-sanestjan officieus, kalih perkawis tatan poegoech leresna A. I. D., katiloe perkawis uiseraard moal volledig eta bedja teh, djadi dina bade masihan pamaadangan teh kedah oeninga di garis. Mending oepami zakelijk mah, da kasus seueurana mah sok ditimplikan koe keketjapan noe soegal, malah aja noe toedang-toeding sagala. Sigana dina njempadna, dina nembongkeunana ka teu pamoedjoes teh, henteu sari dianggapan, moen henteu dibaroeng koe . . . „njeuseul“. Kana fairheid tetebeuheun! Sapertos djr. Toropong ari koe moetan mah henteu perloe, nganggo keketjapan noe ditoeidjoelkeun ka Kdj. Boepati Pandeglang sapertos kieu: „oelah tjelempang-tjelempoeng teu poegoech, koedoe njaho di ngaran, djeung njaho oedjoedna.“

Teu merenah, da tatan poegoech sababna.

Teu pantes, da di lain-lain oge Kdj. Boepati Pandeglang teh nje peng harkat martabat loehoer, galibna koedoe dihormat, sakoe-rang-koerangna koedoe diadjenan. Hannas Djr. Toropong henteu ker sa ngahormat atanapi ngadjenan kana kapangkatanana, atoech da satjara papada manoesa oge, noemoetkeun kamistian kasopanan sareng rasa kabangsaan, wadajib oerang teh silih hormat, silih adjenan, sanadjan ka noe di anggapp moesoech oepamana. Lamoen bangsa oerang teu dihormat koe oerang keneh, komo koe oerang keneh, komo koe deungeun mah.

Tata, titi, tindak, tandoech teh oelah dihartoskeun teuing tjara kokodokan. Sanadjan di bangsa deungeun oge, noe geus leuwih pangartina ti oerang, manieren teh katjida diparakena.

Kawoewoeh, teu adil kabina bina, ngahoekoem daad batoer, teu karana jakin sorangan. For shame!

Critiek, teu aja pambangunan, asal ngantjik dina kajakinan.

Ari ieu, sadajana noe masihan pamandangan, ngahoekoem, sarta ditambah njarekan (tingali artikel-artikel kapoeng dina Sipataboenan tina hal nota Pandeglang) metakeunana „pangadilan“ woengkoel diteubleuhkeun kana bedja! Oh, the folly of thet all.

Ki Doesoen.

Teungteuingeun.

Dina sore kamari geus kadjan dian tipoe.

Hidji toekang ramboetan daga nganana kabeh geus ditawar koe hidji djelema bangsa Indonesier, anoe ngakoekeun djongos Hotel Preanger, ngakoena dititah koe toean.

Barang geus djadi padoe tawar na, toekang ramboetan titah noe toekun pandeuri, bari mawa daganganana, ari eta djelema dina kareta mesin.

Di djalaj eta djelema ngindjeun doeit ka toekang ramboetan, gedena f 1.60 ngakoena keur meuli bier djeung mantega, tina per tianana koe toekang ramboetan dibere, sanggeusna dibere, tjalak eta djelema teh kana kareta mesinna ti heula, toekang ramboetan dititah njoesoel pandeuri.

Handjakal barang nepi ka Hotel eta toekang ramboetan teu meunang asoep, toer eta djelema teu aja.

Saha noe salah?

Kamari trein noe inditna ti Bandoeng ka Tjimatih 6.18 sere geus pinoech koe panoempangna, babakoena koe noe meuli kartjij hedjo di klas 3. Noeroetkeun kabiasaan eta trein teh ngan di sadiaan 2 wagen bae, nja eta hidji wagen noe aja klas 1 djeung 2, noe hidji deui klas 3 noe di bagi deui djadi doe coupe's nja eta klas 3 hedjo djeung klas 3 bodas.

Patali djeung coupe klas 3 he djo pinoech teh, kapaksa antera panoempang-panoempangna pin dja ka coupe klas 3 bodas, sa malah antarana loba noe nang woeng dina bordes (di loear).

Koe ajana noe meuli kartjij klas 3 hedjo darioech dina coupe kartjij bodas sala sahidi panoempang Walanda (Europeesche dame) noe meuli kartjij bodas (klas 3) geus njarita ka conducteurna, baris reclameeren ka doenoengana, meureun ditoeina mah ngarasa koerang adil, bet disaroea keun [diantep] kartjij bodas djeung kartjij hedjo.

Sateroesna aja noe mere kate rangan harita keneh, da poegoech pinoech teh, kalawan djelas, da asa harianeun oepama koedoe narangtoeng bae dina bordes mah, babakoena ngadja [ter voorkoming] katjilakaan.

Memang enja eta dame teh niekel „consequentie,“ tapi sawa dina mending mana deukeut di oekna djeung noe kartjij hedjo atawa aja katjilakaan, sok soema wonna moen nepi ka aja noe tjilaka matak nemahan pati mah, da poegoech dina kareta api.

Koe watekna emboeng patjam poer djeung noe meuli kartjij hedjo teroes bae pindh ka klas II (di Tjimindi).

Saha noe salah?

PASOENDAN

Tjiandjoer

Rek diantep bae?

Antam djalaj Tjilakoe djeung kampong Panjoesoehan, lebah leuwi Goerimpal, noe sakitoe leber koe tjai gede, bet teu aja sa sak pikeun pameuntasna noe lalar liwat. Padahal eta djalaj teh ka tjida hiroepna, babakoena pikeun noe rek oesaha ka Tjiandjoer.

Noeroetkeun bedja ti oerang dinja lebah dinja teh lain saeutik noe ngarasa roegi, babakoena achli padagang-padagang, samalah aja noe dijiwana pisan djadi korban, lantaran palid samalah mah — tjanah — geus aja taenana henteu disasakan teh.

Asa katjida merenahna noe wadjab merhatikeun njeun sasak.

Soekaboemi.

Pasamoan Lebaran.

Malem Senen tg. 21/22 b.i. kabeneran tg. 4/5 Sjawal koe Pasoendan djeung Pasi tjabang Soekaboemi diajakeun pasamoan Lebaran Poesa tempatna di sakola Pasoendan Njomplong Soekaboemi. Handjakal pisan reh dina eta peuting aja toeroen hoedjan, sanadjan hoedjana henteu sakoe-maha gedena, tapi ngadjadikeun poek, nepi ka loba anoe henteu sarempoeng. Ti pihak Pasi ngan katembong aja 11 oerang anoe hadir. Ti pihak perkoempoelan anoe aja di Soekaboemi ampir kabeh pada sarempoeng, kadjaba ti P. I. djeung P. N. I., ti waktos pers anoe aja njaeta Djawa Barat. Djoeragan Soeradiradja anoe djan ten sesepoeh tpa ieu pasamoan,

nerangkeun atas nami Pasoendan tjabang Soekaboemi njanggakeun salamna sareng wirehna bada boh boran Siam moegi sadaja dosa ageung alit kersa ngahapoenten.

Djoeragan Entjih sesepoeh Pasi teras madjeng kapajoen disarengan koe tindak noe loetioe doegi ka sadaja noe hadir pada goe moedjeng, andjeunna njanggakeun Salamet Lebaran, sareng ngamoega moega saniskanten tjita-tjita anoe dikandoeng koe perkempe-lan tjaga tinekanaan.

Djoeragan Kiai H. Basjoeni nerangkeun tina hal Idilfitri sareng hartosna anoe pandjag lebar kalawan djelas toer matak kahartos. Oge koe andjeunna diterangkeun hal kanimatanana djeung gandjaranana tina hal Poesa. Deul teras andjeunna nerangkeun tina hal Idiladha, njaeta Lebaran Rajagoeng, anoe koe andjeunna diseroehan jen Adha teh hartina Koerban, tah didinja sakabeh Kaom Islam koedoe sidkah Koerban.

Tidnja ladjeng Djoeragan Mamoen Ma'roef „kagiliran njarios. Andjeunna nerangkeun hal Tarich Islam, ngan bae andjeunna rada njimpang tina relna nepi ka teroes njarioskeun Internasionalna Volkenkond, atoech nja harita oge andjeunna meunang gebesan ti Djoeragan Basjoeni.

Djoeragan Kamil Moechtar atas nami ti sakola Achmadiah Kaem Soekaboemi, andjeunna nerangkeun anoe pandjag lebar tina hal roepi-roepi dosa kalawan djelas.

Djoeragan Hassan Nasir Redacteur Taufieq njarioskeun Idilfitri.

Djoeragan Niti Soemantri nerangkeun bedana hal kasenangan dina Lebaran keur djaman gampang koe doeit djeung djaman ajeuna anoe saktieu melesetna.

Kintea djam 9 wengi ieu pasa moan di toetoech koe Djoeragan Voorzitter kalawan salamet.

Djaman hese doeit.

Pitrah koedoe 5 sen ditagih koe mandor djeung wakil Amil.

Aja bedja di Onderdistrict Njalindoeng Soekaboemi, waktoe oesoem pitrah nepi ka koedoe ditagih koe Mandor djeung wakil Amil. Palebah dieu memang aloes pisan moen sateroesna hal tina kawadjaban ngama dipaksa sapaer ti koe anoe djadi mandor ngan bae doeka tina pasal anoe sedjen na mah, saperti salat, poewasa enz. anoe di wadjabkeun koe Aja ma, tapi nja doeka ari ieu mah Djeung ngan handjakal bet nagihanana ngan saokoer lima sen, apar agama mah koedoe sebener na saperti dina oesoem ajeuna moen ten salah pitrah teh koedoe koe sakeelak alias 1/3 na gantang (moen pihargaunana dina beas) meureun koedoe lima belas sen kitoena ge moen hargaana saganantang f 0.45. Tjik atoech oelah kapalang nja ngaoeskeun agama teh oelah dapon bae. Abong kena oesoem hese.

Hese doewit, tapi lebok djeung bangoes sia masih gampang.

Di bawahan Tjibadak desa Pondok Leungsir aja noe mere bedja jen salasahidji djoeragan ti Bang desa dina waktoe ngaliran teh sok kersa nganggo ketjap anoe garihah, anoe matak terek kakoepling na sapertos ketjap djaman sawin doe taoen ka toekang, njaeta koe kersa nganggo ketjap „bangoes sia lebok“ enz., samalah sok diimplik-implikan koe basa „teu njaho de-wel“, „menak bang?“

Palebah dieu meen enja, manasa ras inget ka djaman kawasa aing teu deungeun.

Tjik atoech para Djoeragan parantos en bae, kapa sanes deui djaman ajeuna mah, tjeumpal bae hal bangsa noe geus apkir mah entong di anggo, lingsem

Dipikatjinta!

Geus poegoech ditempat anoe loba djalmi noe ngartos tapi sanadjan di kp. manjang moenjoeng oge teu boeroeng Neng Sinar pada mikadeudeuh.

Tjoba saperti di desa Tjisande halteu Pondokleungsir Tjibadak teu boeroeng ana waktoneu si eulis datang teh nepi ka pada nja bageakeun koe pendoeckena, nepi ka salasaerang langganan anoe mikatjinta ka eulis mere warti tjanah sok aja bae hamana alias noe ngiwat, sakapeung mah sok nepi ka ngendonga.

Koe ajana ieu kadjadian moeng goeh panoeis katjida miloe atoh na reh oerang kp. anoe djaeoh

ka lisoeng dina waktoe ieu geus pada raresep kana maratja soer-rat kabar, ngan handjakal bae sok daek ngabegal kana barang anoe teu halal, tjik atoech ari re-sep mah maksakeun bae da moerah ieu, pira ngan saokoer toer poah saboelan.

Aja-aja bat dasar oesoem oeng sret-oengsretan alias mewek.

Jacatra

Djoeroetoelis Regentschap ngagantoeng maneh.

Pangaroeh „foeloes.“

Poe Senen kamari dikantor Regentschap geus aja kadjadian hidji djoeroetoelis ngagantoeng maneh, ari sabab-sababna kieu:

Sawatara poe katoekang, eta djoeroetoelis noe geus ngagan-toeng maneh, ditoeidne ngagelapkeun doeit nagara, koe sabab eta kamari ieu geus dipariksa di pagaweana. Dina waktoe papariksaanana ampir rengse, eta djoeroetoelis tea geus menta permisi arek ka tjai (W.C.) sarta kaidinan.

Koe sabab di W.C.-na katjida lilana, nimboelkeun katjoerigaan, nja kapaksa diteang kaditoe-kaditoe, tapi bet geus ngagantoeng maneh make tali tjalana.

Kadjadian noe saroech kitoe, eta kasalahanana djoeroetoelis orangan.

Volksuniversiteit di Jacatra.

Cursus 3, 3e voordracht ti Dr. F. D. K. Bosch „Pemandangan Oemoem pasal babad kaboeda-jaan Hindoe-Djawa“ di gedong Theosophisch Vereeniging dina malem Rebo (engke).

Harga barang-barang di pasar toeroen nepi ka 60 pCt.

Patali djeung pamandangan pasal begroeting gemeenteraad Jacatra, djr. Thamrin geus ngadesek, soepaja ditimbang-timbang kana tjeuoenana tarief-tarief di djeu pa-sar, kalawan ngasongkeun alesan pikeun barang-barang di pasar di toeroenkeun sakoerang-koerangna 60 pCt.

Vakscholen pikeun moerid awewe.

Ditetepkeun, huishoudelijke leergangen di Djokja, Madioen djeung Vakschool voor meisjes di Jacatra, engkena baris make ngaran „Openbare Nijverheids-school voor meisjes.“

Directeur van Onderwijs en Eeredienst dibere kawasa pikeun netepkeun reglement sakolaan-sakolaan noe kaseboet di loehoer, djeung pikeun Opleidingscholen voor Onderwijzeressen in de huis-houdelijke vakken di Jacatra, ka lawan ngabanding-banding atoran-atoran pasal nalingakeunana sakolaan-sakolaan noe kaseboet badi, oge baris dimoet paratoeran pasal pemebejaran sakola noe koedoe dibajar koe moerid-moerid, pasal dibebaskeun samasakali atawa sabagian ti doeit sakola, narima moerid noe teu make ba-jaan djeung perkara ngabagikeun beurs.

Bedja Partindo Jacatra.

Diroyeer tina anggota tjabang Jacatra, mimiti tanggal 11 Januari '34, njaeta djr. Mochiboen, ang gora No. 1142 ti tjabang Jacatra resort Manggana, disababkeun ngalanggar djeung ngaroeksak organisatie djeung dicipline Partai.

Diharep ka sedjen-sedjen tjaba-ang soepaja merhatikeun kana ieu kateangan djeung oelah di-anggapp andjeunna djadi anggota deui.

Tetep di Indonesia.

Noeroetkeun bedja anoe katam pa koe Bat. Nwsbl. tjanah oepa ma Toean G.K. Erdbrink djeung Toean W. Ch. Hardeman doe-nana leden Raad van Indie, dina boelan Mei rek laliren tina pada melanana, sarta rek teroes tjalik di Indonesia, milih tempat di Bandoeng. (Koer.).

Secretaris Volksraad.

Kalawan pamoendoetna koe koe andjeun, lantaran geus tjoe-koop dienstna dina boelan Mei 1934 Toean A.C. Uljee Secretaris Volksraad rek liren kalawan pangsoen, oge pamarentah nganoehoekkeun kana djas andjeunana.



Oeroesan pitrah djadi tjarita.

Selenting bawaning angin, koe lepat bawaning kilat, tjeuk oedjar-ing bedja anoe temboes kana liang tjeuli Etjle, tjanah dina lebaran anoe kamari mah di Singa parna, wong akeh anoe mariskin — sanadjan ajeuna djaman soesa-oge — teu woedoe mareunang ka boengahan, lantaran rereana ajeu na mah anoe marere pitrah teh nja ka pakir miskin bae.

Babakoena pangna kitoe, lan-taran — tjanah — ajeuna oerang Si ngaparna rea noe pogot kana tolaboel ilmi, djembarna „Nahdatoel Oelama“ anoe dina opnabare vergaderinga geus ngagoear medar perkara tektek bengekna oeroesan pitrah.

Tapi bbeboehan doeraja enggon lalawanan tea, aja pakir miskin ginandjar mareunang kaboengahan, teu koehanteu, mas Lebe mah baeud koeraweud djiga aeud, bangoen poendoeng lantaran dina boelan Poesa ieu mah henteu sa-baraha oentoeng, koerang panarimaana tina pitrah.

Roepana bae mas Lebe teh mi nangsaraja ka bendara Awe, sababna mah waktoe Etjle sabada lebaran djalaj-djalaj di Singapar-na, geus nimoe satjewir soerata anoe geus lalajoe sekar, anoe eusi na saperti anoe kaeni di handap ieu:

Leuwisari 18/1-'34

Poe ieu menta datang Loe-rah pribadi djeung amil-amil aja anoe baris ditanjakeun, oge anoe ngawakilan amil noe ma-ot koedoe datang.

Tjatetan-tjatetan pitrah koe amil-amil koedoe dibawa.

Ass.-Wedana Leuwisari

(w.g.) Onleesbaar.

Koe oeloebioengna bendara Awe kana oeroesan djakat-pitrah, Etjle mah rada ngarasa koerang asece, toengtoengna teh melen-toeng, noengtoeng bi goeng seuri koeng.

Reudjeung deui sakanjaho Etjle, kapaan noeroetkeun sickoelir pamarentah tg. 4 Augustus 1893 No. 1962 mah, tjanah geuning mere djakat-pitrah teh koedoe di anggapp hidji pagawean anoe mer-dika pisan, heunteu meunang di tangtkeun ka salasahidji hoeloe, eta mah koemaha kahajang djeung kasoeakaan anoe mere, ngan asal ka anoe boga hak narima bae.

Kapan ari anoe aja hak kana baris narima djakat-pitrah teh, sakanjaho Etjle mah aja 8 bagian [asnap], njaeta: 1. Pakir, 2. Mis-kin, 3. Amil, 4. Jatim, 5. Gezim, 6. Inboe-sabil, 7. Anoe perang sabil djeung 8. Moe'alap.

Tah! Mana sakali deui Etjle koerang asece kana „initia-tiefna“ bendara Awe koe nger sakeun tjampoer tangan kana oeroesan pitrah, lantaran koerang merenah.

Tapi oepama atoran pitrah di Singaparna make sistem saperti noe dipoerstel bareto koe Etjle di para sandak, njaeta saperti toekang tjengek meena pitrah koe tjengek, toekang worstelen koe „dubbel nelson“, toekang boksen koe „kaakslag“, ensoepoer, ensoepoer kawasna mas Lebe teh moal moe napek, kadedemes haripeut koe teuteureujeun, nanggoeng beroesan pitrah teh moal djadi tjarita tjara ajeuna.

Dasar Moedisir!!!

ETJLE.

Raad van Indie.

G. R. Erdbrink Lid R. v. I. pangsoen.

Het Nieuws meunang bedja, tjanah dina boelan Mei Toean G.R. Erdbrink rek liren tina padamelanana kalawan pangsoen. Sarta-tjanah-lowonganana moal dieusian deui.

Dina boelan Januari djeung Maart 1935 Pangeran Adipati Ario Koesoemo Joedo djeung Prof. J. van Kan laliren tina padamelanana patali djeung oenina I.S. art. 9.

LOEAR NAGRI



Amerika-Pilipina-Djepang Tionggok-Siam.

DINA sataoen katoekang, atawa dina waktue anoe katoekang-toekang, mindeng pisan datangka bedja Pilipina rek di merdikakeun koe Amerika (U.S.A.)

Ajeuna geus nepi atawa nintjak kana taon 1934 kongres U.S.A. tangtue bakal gantjang diajakeun. Dina palebah dieu Pilipina kari noenggoe, ibarat djelema anoe di sanghareupeun ka pangadilan, noenggoe-noenggoe vonnis anoe bakal di tibankeun kana dirina.

Oepama oerang ningal koma kaajaan diplomasi militair, antara Amerika djeung Djepang dina enggoning njinghareupan kaajaan soeal di laetan, henteu moestahil oepama Pilipina enjaan di merdika keunnana koe Amerika.

Amerika djeung Djepang anoe salawasna batina mah pabentar teroes-teroesan, militairna pada dikoeatana babakoena pisan armada di laetan, djadi terang pisan Matahari terbit djeung nagara Dollar teh dina kaajaan Millitair mah noedoehkeun patjengkadannana.

Ajeuna oerang toenggoe-toenggoe bae koemaha atawa naon anoe bakal djadi nasib Pilipina, aloes atawa goeng.

Djepang! Nagara-nagara di Europa anoe ngahargaan kapentingan di Asia, loba pisan anoe ngarasa hariwang koe tandangna Djepang teroes-teroesan neangan waktue anoe moestari, neangan akal, soepaja manehna djadi radja di Asia.

Oepama Djepang djadi djeung radja di Asia, hartina kaom mo dal Djepang mangarohan benoea Asia; tangtue bae djadi hidji ka-noegian anoe lain loemajan pikeun nagara-nagara di Europa.

Asia boeat Asia, sembojan Djepang anoe dioetjapkeun waktue ninggalkeun Volkenbond, sarta Djepang dina waktue ieu digawe enja-enja njebarkeun modalna ka sakoeulah Asia.

Pangaroehna Djepang geus datang ka Mongolia hidji tempat anoe ngadjadikeun kakoeatannana Djepang pikeun njalmetkeun diri na Djepang tina overbevolking. Kitoe deui pangaroeh Djepang ajeunna geus datang ka Sintiang anoe djadi agent pangantihan Inggris.

Koe ajana hal ieu tangtue bae djadi katjoerigaannana Inggris terhadep ka Djepang, sedeng alliantie Inggris djeung Djepang geus ampir pegat sama, sakali sarta koe Djepang geus teu diporosea deul.

Atjan sabaraha lila perang perdagangan antara Inggris djeung Djepang, Osaka djeung Lancasaire ngadjadikeun pikeun pegatna alliantie Inggris djeung Djepang. Sintiang djadi tapel wates Afgha nistan, hidji karadjaan anoe djadi demdemannana Inggris.

Rusland ngarasa deui hariwang koe tandangna Djepang di Sintiang, sarta pikeun ngadjaga kapentinganana Rusland kapaksa ngatoer balatantarana.

Koe ajana crisis anoe nimboel keua roepa-roepa kadjadian di djero nagara Japan, kitoe deui dumping Djepang dina waktue ieu geus mimiti disinghareupan koe sedjen-sedjen nagara, pikeun nja lametkeun diri tina sagala bahaja bahaja kapaksa Djepang koedoe

Patali djeung ajana eta lowongan bisa oge ngangkat deui lid bangsa Europa djeung Indonesier, lantaran djeomblah lid R.v.I. koe doe tetep saperti baheula nja-eta: Vice President djeung opat leu, sarta di antarana koedoe aja hidji lid Indonester.

Lowongan lid bangsa Europa di R.v.I. tjeuah bakal diangkut Toean P.J. Gerke Alg. Secretaris ajeuna.

oesaha ngajakeun perlawanan dina roepa-roepa lapangan.

Tembong kaloearna Dai Nihon Bansa i. Djepang paling djempol, oerang Indonesia loba anoe datang ngadeugdeug Djepang. Pers poeth di Indonesia teroes-teroesan ngabogaan timboeroe oeroesan „politiek“ tjeuah.

Ajeuna Tionggok, anoe keur bingbang, loba karisi karingrang. Koe leungitna Mansoerija ditjokot koe Djepang, djadi hidji karoegian anoe lain loemajan pikeun rajat Tionggok, da poegoeh Mansoerija teh hidji nagara emas, rea ketan rea keton.

Sanggeusna Tionggok djadi Republik leupas tina genggema-nana Radja Mansoe, ngan oekoer tataanana bae rajat Tionggok ajana dina kasenangan, nja-eta satoengtoeng pamarentahan ditje kel koe Dr. Sun Yat Sen.

Dr. Sun pahlawan kebangsaan Tionggok, pamingpin partij Kou Min Tang, anoe bisa ngalindih kakawasaan Keizer Mansoe, andjeuna keur waktue djoemeneag keneb, geus mere toedjoeman, naon anoe bakal kasorang koe Tionggok dina waktue anoe bakal datang.

Sanggeusna Tionggok peperangan djeung Djepang, ngadjadi-keun lemahna pamarentahan Nan king.

Koe lantaran eta henteu heran deui pangaroeh pamarentah nasional beuki lila beuki ngoerangan, katambahan deui koe ajana roepa roepa patjengkadan antara djeudral djeung djendral deui.

Peperangan djeung sadoeloe di Tionggok euweuh eureunna, lantaran salawasna pasalia paham antara pamingpin djeung paming pin deui.

Ajeuna geus ger deui di Fukien aja pemberontakan sarta ngadege-keun pamarentahan anjar, kalawan teroes terang henteu ngabogaan deui kapertjajaan kana politiekna pamarentah central di Nanking, babakoena pisan anti ka Tjjang Kai Sjek.

Di waktue beunangna Mansoerija koe Djepang, geus loba pamingpin-pamingpin atawa ahli-ahli politik di Tionggok anoe ngaloeurkeun soeara anti Tjjang Kai Sjek, sarta ajeuna Tjjang Kai Sjek teroes ngirimkeun pakakas perang pikeun noempes perlawanan di Fukien.

Ningal kaajaan di Tionggok waktue ieu, estoening matak sedih, oepama djelema tea mah anoe hiroepna berewit.

Tionggok kaleungitan Dr. Sun, euweuh anoe bisa neroeskeun deui, ngan woengkoel beunghar koe djendral-djendral, sedeng kaajaan nagara pakoejroet sa-oemoer-oemoer.

Ajeuna tjoba oerang ngalieuk ka Siam, nagara Gadiah poeth. Moal aja hidji djelema anoe ngabogaan sangkaan, jen di Siam bakal timboel pemberontakan, anoe bakal ngarobah kana atoeran pamarentahan Radja anoe masih keneh primitief.

Tapi koe djelema anoe achli mikir tangtue henteu matak heran, da poegoeh kaajaan alam mah henteu tetep dina hidji kaajaan.

Kalawan henue kanjahaan mimitina dina taon 1933, mimiti timboel pemberontakan di Siam, boeahna tina eta pemberontakan teh nja eta ajana Constitutionele Monarchie: hartina kakawasaan Radja diwatesanan.

Timboelna pemberontakan di Siam, ajeuna koe oerang bisa kanjahaan, lain anoe datangna ti rajat djelata, kitoe deui pemberontakan anoe kadoea kali oge lain ti pihak rajat, tapi doeanana oge ti pihak pertengahan djeung ti pihak kaom radja, anoe tangtue bae ngabela kapentinganana maranehanana.

Koe ajana pangaroeh internasional, rajat di Siam oge bakal njaho kana kaajaan dirina dina lingkoengan doenja modern.

Radja Siam anoe mindeng njanjabaan, sarta ngarti kana kaajaan robahna djaman, henteu

Koropak!

Djoeragan HARS!

Parantos lami teu aja wartos-wartos. Kade bilih kaantjikan „bosen“. Adr. Red.



Katjilakaan hebat di sisi laoet

Noeroetkeun bedja „Aneta“ ti Tjilatjap, salilana pesta lebaran noe saperti biasa diajakeun di sisi laoet [basisir] di desa Boenton, onderdistrict Adipala, regent sdhap Tjilatjap, ngadak-ngadak ombak gede.

Tina ratoesan djelema anoe keur marandi karokodjajan, aja 30 baroedak anoe kabawa koe ombak ka tengah laoet, Diantarna aja 28 oerang noe katoeloeangan, anoe doean deui teroes tilelep, njaeta doea baroedak laki anakna kapala desa, noe oemoerna 15 djeung 16 taon.

Perkara tram di Semarang.

Dikirimkeun ka Pokrol Djendral.

Patali djeung kateranganana sa hidji ambtenaar SJS, tina hal capaciteit rem tina tram di kota Semarang dina hidji pleidooi di hareupeun Landraad nja eta patali djeung reana katjilakaan, Officier van Justitie di Semarang ton an Mr. J.E. Jonker, enggeus nimbang pikeun ngabedjakeun eta perkara ka Pokrol Djendral.

Koe hal ieu noe dimaksode baris menta anggapanana Pokrol Djendral tina hal perloe diajakeunana parobahan tina eta atoer ran-atoeran, soepaja tram SJS, di djero kota Semarang henteu sakoemaha ngadatangeunana ba haja pikeun oemoem.

Kamerikahan Agama?

Dilepas lantaran ngadjalankeun tiba dah.

Anjar-anjar ieu Djrg. Djana, nandor di Provinciale Werken-Pamekasan geus djadi korban Werkloos, sabab ngadjalankeun badah.

Ari noe djadi sabab kieu: Sakoemaha kabiasaan dina poewan digawe antara poekoel 12 nepi ka poekoel 1 pikeun pagawe-pagawe sarta noe djadi manlor oge meunang pere sadjam.

Biasana Djrg. Djana, dina waktue pere, teroes balik ka imahna pikeun Salat djeung dahar.

Patali djeung boelan poeasa, Djrg. Djana henteu balik, sabab balik oge ka tjape-tjape bae, dja li aja di tempat pagawean; dina waktue pere tea andjeuna teroes salat, keur waktue andjeuna salat, kabeneran noe djadi doenoengan njaloe kan andjeuna, palebah dieu geus tangtue bae noe keur salat tea teu boeroe-boeroe nem balan, soemawonna djeung njam peurke n tea.

Dasar Djrg. Djana keur noedjoe apes, sanadjan sakoemaha oge ngabantahna, teu boeroeng meunang djawaban, ta'... per doell, andjeuna teroes diontslag.

Tamoe Agoeng.

Koe meunang bedja, tjeuah Vice Admiraal Prantjis toean Berthelot, dina tanggal 6 djeung 7 Februari n.b.d. rek natamoe ka Solo, andjeuna bakal soemping ka boemina Gouverneur di Solo.

reuwat atawa heran kana ajana pemberontakan di nagarana, kalawan tengtrem ajem, andjeuna nanda grondwet.

Dina pemberontakan anoe kadoea kalina, radja Siam geus ngajakeun pidato ka rajatna, jen dina sembarang waktue andjeuna nadia, noeroetkeun kahajang rajatna, sanadjan andjeuna koedoe toeroen tina korsi karadjaan.

Dina palebah dieu tandangna radja Siam estoening poedjeun hidji radja anoe henteu soekingki noeroetkeun aliran djaman, sarta koe ajana hal ieu di Siam moal nepi ka kadjadian Radja diboekoem koe rajat, saperti di Prantjis djeung di Rusland.

Arajana.

Gara-gara malaise.

Bajaran sakola di ganti koe endog hamatawameri.

Goeroe-goeroe ti sakola-sakola kelas 2, di Pajakoemboeh geus ngarandapan noe katjida soesah na, antara nagih deoit bajaran sakola ti moerid-moeridna.

Koe sabab wolot-kolotna moerid teu sanggoep majar deoit bajaran sakola, kapaksa nepi ka majarna koe endog hajam atawa meri.

Patali djeung eta, deoit bajaran sakola teh ngan oekoer f.0.10 zegge sapeuloeh cent saboelana; koe hal ieu geus tangtue koe oerang bisa didjeun oekoeran, sakoemaha teuing weritna pikeun Ra'jat di bawahan eta.

Paoesahaan tani Tjibeavlake.

Warisan noe failliet.

Aneta B.T. ngabarkeun, baris dilakoekeun panetepan kakeoerangan assaineering paoesahaan tani di Tjibeavlake, soepaja pangihian atawa warisan noe failliet meunang ditetepkeun.

Patih anjar.

Oeus di angkat kana Patih di Regentschap Trenggalek Residentie Kediri Raden Soerjo Aditjokro, tadina Wadana di eta tempat. (Koer.)

Deoit ringgit palseo.

Geus dibeslag koe Politie 50 ringgit palseo.

Poe Kemis n.a.k. ambtenaar douane di Soerabaja geus ngagaladah hidji bangsa Tionghoa panoempang kapal „Tjinegara“ noe keur balaboeh, achirna gala dahan tea, dina badjoena eta Tionghoa geus kapanggih 50 deoit ringgit noe palseo ngaranna T. Liem Ming Liong, kakara datang ti Tionggok.

Sarengsena teroes dipasrahkeun ka politie pikeun ditaloeng tik perkarana noe leuwih djaoch

Goeroe noe ngagelapkeun.

Ditibanan hoekoeman sataoen pandjara.

Sawara poe katoekang geus diwarwarkeun, papariksaan terhadep ka kapala sakola di H.C.S. di Soerabaja.

T. Oosterbaan koe Raad van Justitie, didakwa ngagelapkeun deoit djeung geus malsoe tanda tangan.

Poe Senen „Aneta S.P.“ ngawarkeun ti Soerabaja, jen Raad van Justitie di Soerabaja geus nibankeun hoekoeman sataoen pandjara ka ieu kapala sakola.

Loemoer noe bisa dibengkoekoeun.

Gelas leuleus.

Noeroetkeun „Efficiency“ hidji pabrik loemoer di Glasgow. (England) geus bisa njeun saroe pa loemoer noe lempeng kalawan bisa dibengkok-bengkok tawa dieloekun, saperti kertas djeung teu bisa peupeus.

Sakitoe pangabisana pagawean batoer teh, tjeuk eta Maandblad, leuwih djaoch noe saroe pa kitoe kakara ajeuna, kadjaba katja noe teu bisa peupeus, tapi ngan oekoer rengat bae, njaeta noe dingaranan „Triplex“ tea.

Ieu gelas katja noe sok diparake di oenggal-oenggal mobil, ba babakoena mah katja noe di hareup na tea.

„Indonesia Raya“.

Njangkoet kana pers breidel.

Poe Salasa kamari bestuur ti P.P.P.I. sebagai penerbit ti student organ „Indonesia Raya“ geus di panggill koe Resident kalawan di bere katerangan, jen s.k. na njaeta „Indonesia Raya“ njigeung pers breidel-organisatie,

Buitenland Banka Affaire.

Directeur ngagelapkeun deoit.

Raad van Justitie, tngg. 22 Jan. geus ngamimitian papariksaan Buitenland Banka Affaire, (Kawat 27 Juli n.a.k.) netepkeun, oeroet directeur Blom geus ditoedoe ngagelapkeun deoit kas sadjoem blah f 8.500.

Waterleiding Landschap.

Pikeun Samarinda Sultan Koetai dina poe Minggoe geus moeka Waterleiding pikeun Samarinda kalawan officieel

Goedjroed Goedjroed Goedjroed Dimana - mana Goedjroed

Koe B. B. L. anjar, Koemaha pipetaunana? Artos moeng saeutik Barang-barang hojong noe sarae! Moegi oelah aralit manah! Angkat bae ka Toko:

Benkoelen Bazaar

Pajoeneun Toko TJIJODA Gr. Postweg 10

Barang. Modern, madein Amerika sareng Europa.



Sapertos: Kamedja-kamedja, potongan noeroetkeun djaman, pangaos ngawitan f 1.25.

Topi helm, didamel tina karet sareng gaboes, made in England sareng Calcutta topi vill, merk Battersby, Wilson, Borsalino sareng seueur deui merk-merk noe sanes.

Minjak wangi, Houbigant, Paris, Rosa Centifolia, Jasmy, Melati Radja, enz. enz.

Sareng seueur deui noe Sanesna djabi ti eta.

Pangaos mirah! Barang sae!

Aos - Penting!

Kanggo para Djoeragan Abonnés „Sinar Pasoendan“ aja kalonggaran, oepami bade sakalian ngalangan weekblad „Semangat“ noe nganggo roepi-roepi gambar kalintang actueel sareng saena (combinatie „Sinar Pasoendan“ sareng „Semangat“) ngahadja moeng dietang f 5.50 Djadi kanggo weekbladna moeng dietang f 1.— sedeng pangaos noe biasa (ngawoengkoel) kedah f 2.— dina sakwartaal. Enggal moendoet djadi langganan, ajeuna pisan atanapi serat dina strook postwisel ka:

Administratie Sinar Pasoendan Bandoeng

N. B. Disoehoekoeun soepados pembajarannana dibajar ti pajoen lebet sakwartaal2.

TELEGRAMMEN



Tina s.s.k. sedjen

FRANKRIJK.

G.G. anjar di Indo China Paris 22 Jan. (Aneta Koer.) Noeroetkeun „Le Matin“, G.G. Maroko Toean Carde, bisa djadi bakal di angkat djadi G.G. di Indo China.

NEDERLAND.

Perdjandjian rasiah.

Den Haag, 21 Jan. [Aneta Aid.] Chicago Tribune mere bedja tina hal telegram ti Tokio, jen soerat-soerat kabar didieu ngamoeat bedja tina hal perdjandjian rasiah antara Nederland djeung England pikeun nangtajoengan Boneo koe Inggris terhadep kana desekan Japan.

Ministerie oeroesan loear nagara di Den Haag ngabohongkeun (ngabantah kana eta bedjabdjaj).

RUSLAND.

Expres diserang.

Charbin 18 Jan. (Aneta Reuter Aid) Trans Liberisake expres peuting tadi poekoel 8.45 geus diserang koe bandit-bandit d koeloeung Charbin, noe ngalantarankeun eta expres kaloeur tina rail.

Aia lima wagon Pullinar tibalik djeung kahoeroean. Sala soerang bangsa Fransch, ngaran Laurenz, hoofdredacteur ti „Journal de Shanghai djeung correspondent ti „Paris Midi“ leungit

panonna sabeulah, tapi pamadjikanana mah salamet. Saerang bangsa Duitsch, Kraner, potong soekoena. Aja opatan noe kadoe-roek djeung 29 oerang noe tatoe.

Wagon-wagon kadoe-roek, ngan postwagen noe henteu teh. Teroes dikirim ambulance trein ti Taisitar djeung Charbin.

Pendjabat pendjabatna sanggeusna ngarampasan barang, boh ti noe hiroep atawa ti noe maot, teroes bae kalaboer ka pagoenoengan.

JAPAN

Sanggeusna ngistrenan Henri Puyi nagarana rek diganti ngasana.

Tokio, 20 Januari (Beta Iwaki Koer). Noeroetkeun bedja di na Nichi-Nichi, jen Manchukuo sakeudeung deui bakal ngirimkeun delegatie ka Tokio. Noeroetkeun eta soerat kabar dr. Chao Hsin Po rek di angkat kana gezant di tempatkeun di Ting Shih Yuan.

Dr. Chao Hsin Po ajeuna aja di Tokio keur mahamkeun grond wetna Djepang.

Sateroesna di terangkeun deui patali djeung di istrenana Henri Puyi, rajat nanjakeun naon sabab na koedoe djadi pamarentahan Manchukuo leu maksode tjeuah nja eta pikeun mageuban kaajaan kaamaan di Timoeur Djoeh.

Sedeng diangkatna Puyi teh lain rek ngomean deui Ching dynaste. Henri Puyi geus ngembarkeun, jen sembarang waktue sadia pikeun diangkut kana keizer, sarta kaajaan moal dirobah, ngan ngaran anoe rek di robah njaeta. „Ta Ma-chuo Ti Kuo“ anoe hartina „Het Grooten Manchu Keizerrijk“, djadi ajeuna mah lain Manchukuo.

"TIGER BALSEM"



Ieu Oebar Balsem didjieunna lain tina gadjih-gadjih sasatoan.

Ieu Oebar Balsem adjaib sarta mandjoer pisan pikeun landong Batoek, Salesma, Rieut Sirah, Toedjoe, Njeri tjangkeng, Pegel sockoe, Oerat-erat kentjeng, Beuheung sosongketeun, Serak, Njeri hoentoe, Mengi, Digegel sato-sato peurahan, Raheut, Letjet djeung roepa-roepa panjakit dada.

N. B. Pikeun ngadaga kasakit noelar, hade pisen njiampen sabotol ieu Oebar keur di imah atawa njanjabaan.

Ari makena kieu: Gosok sing bener mana noe karasa njeri doea tiloe kali sapoë sarta boengkoes koe flanel atawa kaen panas.

N.B. Balsem sim koering didjieunna doea rcepa, nja-eta beureum di boengkoes koe kertas beureum sarta Balsem bodas koe kertas bodas.

ENG AUN TONG

MOLENVLIET WEST No. 174 — TELF. No. 1090 BATAVIA

Batavia-Centrum.

Bisa dapat beli di segala tempat toko-toko obat (apotheken dan drogisterijen).

Kenging ngahadja disajagikeun kanggo paramaos ieu serat kabar

F 4,50

pangaosna HAWK-EYEKODAK-A Special (Pamotretan merk: Hawk-Eye) noe kalintang sae sareng mirahna kawoewoeh loetjoe kanggo persenkeuneun ka poetoe

Tiasa pesen ka Administratie ieu serat kabar

M. Sadjoem

TRANSPORT - ONDERNEMING VERHUISBOEDEL
Regenstweg No. 46 - Bandoeng

Patoekangan ngoeroes barang-barang pindahan roemah tangga, kangge kintoenan kamana-mana tempat, kalajan doegi ka leresna. Sinareng tiasa oge ngoeroeskeun kintoenanbarang-barang kalcaer Regentschappen Bandoeng nganggo perdjalanan roepi-roepi Kalajan di djagi barang koe padamelan Verpakt. Oge tiasa ngintoe barang-barang nganggo perdjalanan kapal (K. P. M.) kangge ka mana-mana tempat.

Sinareng ngoeningakeun ka para Djoeragan-djoeragan wireh ajeuna parantos middelm filiaal Transport di Legok-Ontjomweg No. 1489 Tasikmalaja.

Perkawis atoran ongkos mah noemoetkeun atoran di Bandoeng.

Hoermatna
noe ngadjeug-ngadjeng
soempingna para djrg.
M. SADJOEM

Mutsen-, Ketoe Oedeng Makerijen

BATIKHANDEL



M. ENDJAR

NOORD PASARSTRAAT No. 14 BANDOENG

FILIAAL TOKO MAS ENDJAR

NOORD PASSAR STRAAT 16

Cepami Djoeragan-djoeragan arerangkat ka Noord Pasarstraat No. 14-16. moegi oelah lepat, sindang heula ka toko M. Endjar Margi salamina pribados njasjagan roepi-roepi batikan, tinoenan, sareng, ketoe-oedeng.

PANGAOS MALAISE

Tinoenan Madjalaja setengah soetra pangaosna ti f 2.50 - f 2.75 doegi ka pangaos f 3.-

Tinoenan Madjalaja (soetrana) pangaosna ti f 2.75 f 3.- f 3.25 doegi ka pangaos f 4.25

Tinoenan Cheribon (tina kanteu asli) pangaosna ti f 2.65. - f 2.75 - f 3 - f 3.25 doegi ka pangaos f 3.50.

Tinoenan Garoet, pangaosna ti f 2.25 doegi ka pangaos f 4.- Ketoe-oedeng, batikan Banjoemas pangaosna ti 1.50 - f 1.75, f 2.- f 2.25 f 2.50 doegi ka pangaos f 4.50.

Sawitan-sawitan damelan pangaosna Banjoemas, ti 5.50 f 6.- f 6.50 doegi ka pangaos f 12.50

Sawitan Materon, pangaosna ti f 7.50 f 8.- f 8.50 f 9.- doegi ka pangaos f 17.50

Sarong batik damelan Banjoemas, pangaosna ti f 2.40. f 2.75 doegi ka pangaos f 6.50.

Oge ngitjalan roepi-roepi toedeng Panama, damelan, Radjapolah Madjalaja, sareng Tengerang. Deui njajagan roepi-roepi koeteng batik (plangi), selop bloedroe, sareng roepi-roepi palekat.

Djabi ti eta, henteu sadajana di berendelkeun, lengketeng sue boektkeun, ka toko pribados.

Hidji perdagang: n, anoe nganggo toedjoen moderen. Model barangna, pasti pangaosna, di tanggal njoegemakeun ka para djoeragan.

N. B. Saha anoe nereskeun pribados kateun. Oge tiasa ngintoean rembois ka sanes-sanes tempat.

GOUDSMEDERIJ

MOH. SAPIEN

NOORD PASARSTRAAT 16 - BANDOENG



Nampi sagala roepi padamelan soe-grining perhiasan tina Emas, saroeponing: Tingtjin nikah, stempel, roepi-roepi model pinggel, Liontin, Markies, Toesoek sanggoel, Panitih tinoe alit doegi kanoe ageung sareng sadjabi ti eta.

Padamelan ditanggal rapih, sareng menggehing ongkosna noemoetkeun kana ka ajasn diaman.

Oge sajadi roepi-roepi kopeah, be loedroe hideung sareng beureum sar panganggo pikeun moerangkali.

Pangaos kalintang mirahna, padamelan, matak njoegemeken katambah-tambah dianggare ditanggal kiet lepi.

Hoermatna noe ngantos-ngantos pesenan.

DRUKKERIJ „ECONOMY“

OUDE KERKHOFWEG No. 16
TELEFOON 444 BANDOENG

NAMPI ROEPI-ROEPI PADAMELAN TJITAKANNOE AL IT SINARENG AGEUNG, MANGGA TJOBAN.

Banjak membatja SOERAT KABAR berarti: banjak menambah pengetahuan

NABA voorheen PATHA GOUDSMEDERIJ - GRAVEURS - HORLOGE - REPARATIES Pasar Baroeweg 21B - Bandoeng

Menerima segala pekerjaan barang-barang perhiasan dari mas dan lain-lainnya, ongkos-ongkos di tanggoeng sangat moerah menoe-roet aliran zaman. Boeat pekerdjaan ta'oesa diterangkan lagi, tanggoeng bagoes dan rapih menoe-roet apa jang dikeh daki oleh pemeson sampai menjenangkan dengan apa jang dimaksoed.

Selain dari pada menerima pekerjaan jang ketil hingga jang besar. Sedia djoega barang-barang perhiasan mas dan perak dengan harga menoe-roet kehen-dakzaman.

Toean-toean dan Njonja, ter oetama langganan. Seblon ke laen toko, lebih doeloe datang lah pada toko jang terseboet diatas.

Hormatnja pengeroes
NABA

Boekoe masakan.

(Kakara kaloear dina boelan JUNI; tapi enggeus ampir beak)

Eusina roepa-roepa recept masakan Europa Indonesia djeung Tionghoa, koerang leuwih aja 230 recepten.

Karangan: Njonja SATIAMAN - PARADA HARAHAP.

Meunang poedjian dimana-mana
Pajoena saperti pisang goreng, sedeng
bargana f 1.50 Tinggal saeutik deui!!

Tiasa ngagaleuh ka:
„SINAR PASOENDAN“ Afdeeling Boekhandel
Oude Kerkhofweg 16 - Telefoon 444 - Bandoeng.

IN DE KOST

Di breui hidji familie Indonesier, di Gg. Siti Moenigar 77 Bandoeng, tiasa nampi moerangkalih sakola anoe bade IN DE KOST.

Sagala katerangan tiasa marios ka Redactie „SINAR PASOENDAN“

IMPLIK-IMPLIK:

SATOEHOE (PAGEUH DJANGDJI)

DIKARANG KOE
MARTAWIDJAJA

36

„Loe..... djangan ganggoe ini goea poenja bini.....!“
Serdadoe teh noe hidji nangkarak bepgkang, ari noe hidji deui, dadaligdeugan arek loempat henteu bisa, bari ngagorowok „me lajoe gila.....!“

Rohani leuleus taja tangan pangawasa ngalahleuh beungeutna pias, rieg di sangkeh koe eta djelema teh di tompakeun kana kahar, geredeg koeda di loempatkeun.

„Rawabangke bang.....! Omong eta djelema teh.
Nepi ka imahna eta djelema, Rohani masih keneh teu eling-eling doeg di kedengkeun dina tempat sarena, lampoena di gedean. Barang braj Rohani beunta tetela di imah batoer, toeloema nehna tjengkat gek dioek loeak-lieuk neangan noe boga imah.

Sihoreng noe boga imah teh aja di kamar hareup, ngadakngadak ngoeroed koemis, sirahi doedoegoelan, boeekna di scheiding di sisiran beulah doea, minjakna mani meleber matak gioeng

ka ambeuna, badjoe kampret, tjalana batik, njampakeun noe bakal goegah, ari hoedang geus laleuis, ningal Rohani keur dioek poeloelja-peleje semoe noe hajang di pikabogoh. Barang Rohani toeroen rek moekakeun panto manehna ngoredjat toeloj ngahallangan panto.

„Bade kamana Enden teh?“
„Bade wangsoel da parantos teu aja noe karaos.“
„Ih, teu kenging, atjan sae pisan.“

Rohani maks, pantona di boekakeun, tapi barang gerendelna di poeterkeun tetela dikontji, tjek pikirna Rohani bari ngahoeleng „beu tetela ieu aing leupas tina koekoena maeng asoep kana soengoenra boeaja, ieu djelema rek boga lakoe noe teu pantes.“

„Sanes, tjing ieu pangmoekakeun lawang parantos wengi teuing.“

„Njaeta noe mawi oelah waka moelih-oge, parantos wengi teuing, endjing bae soeboeh-soeboeh koe engkang dianteurkeun.“
„Ah! doeka bade wangsoel bae bilih noe di rorompok arep arepeun.“

„Adoeh.... djoeg! atoch da dieu oge sami keneh sareng di boemi, koerang naon ari di dieu? Tempat tidoer aja, kasoe kandel bantal oge hararipoe.“ Ngomong kitoe teh eta djelema bari narik leungeun Rohani rok di toengtoen ka kamar djero.
„Ah! naon ieu teh?“ Tjek Rohani bari nepeuskeun leungeunna.

„Entong moelih djoengdjoenan....! kemitan heula engkang sawengi ieu, da moal potol.“

„E.... e.... e....! Soegan andjeun teu djelema teu eling

euweuh pisan kasopanan.“ Tjek Rohani bawaning koe ambek beungeutna mani beureum.

„Ach-ach! teu beunang koe lemah lemboet! henteu goena aing noeloengan awewe anoe teu njaho di tarima kasih, kilangbara moelang tarima, arek di hadean oge, kalah ka nembal koe kasar.“

„Enja koering mah lain djelema loedag, andjeun teu meunang njeun peta kitoe!“

„Ah! oelah sok naekeun pangaos, moal enja ari lain loedag mah oedar-ider sorangan ti peuting.“

„Entong rea tjarita, di boeka ieu panto atawa moal, lamoen moal kami rek ngadjerit, soepaja kadengeun koe tatangga.“

„Soegan awewe.... bae....“ kek Rohani di tangkep, wel soengoenra di djedjelan koe sapoetangan, soekoe djeung leungeunna di ringkoes koe stogen, rigidig di pangkoe, goebrag di balangkeun kana tempat tidoerna, Rohani mani ngan sagoren tel geus teu bisa walakaja, ngan panonna bae noe masih keneh bisa koetjap-kitjeup.

„Pek geura ngagero sia ajeuna.“ Tjek eta lalaki bari ngabar-ngabar belati kana beuheungna Rohani.

„Geura pilih mending noeroet atawa mending.....“
Barang Rohani netleu belati sienna kabina-bina toeloj manehna oenggoet-oenggoetan, bari ngomong ngosom, da kaha langan koe panjoempel.

„Mangga bade noeroet, laan bae heula talina.“

Samboengeun.

Sae mana oepami diadjar agama nganggo djalan Taroki atawa djalan Tanazoel?

LAMOEN oerang ti Bandoeng rek ka Batawi bisa make 2 roepa perdjalanan njaeta djalan di handap djeung diloehoer. Djalan di handap bisa koe badarat, kareta api, autobus automobiel djeung djaba ti eta, ari make djalan di loehoer bisa make kapal oedara.

Djalan make kapal oedara, teu atjan sabaraha di prakheunana, tegesna tatjan biasa diparake koe kaloembran djalma, saperkara lantaran koe loba pisan pikaranggiseun pihariwangeunana, pi keun ka oemoema djelema, ka 2 lantaran mahal ongkosna.

Koe sabab eta, noe sok loembran dipake mah nja djalan noe di handap tea bae, lantaran gampang dilakonannana beunang koe saeutik ongkost, toer teu loba kainggis kahariwang, toeroeg-toeroeg deui matak nambahan loba pamanggih.

Adat-adatna paninggaran djaman baheula, oepama boga maksoed rek moro, oepamana rek moro mentjek biasana tara bol-bol boer bae ngaleupaskeun andjingna ka leuweung, tapi salawasna koedoe dintip-intip heula diteangan, ditalingakeun, naha di eta leuweung teh aja mentjek atawa euweuh, sabab lamoen teu kitoe engkena kalah ka tjape mitjeunan pagawean, karana henteu kena-kena sapedah leuweung tangtoe dianggong mentjek. Sanggeusna kadongdon jen eta leuweung aja mentjek, kakara ki paninggaran sadia, niat moro ka eta leuweung, tapati sanadjan di leuweung eta geus kadongdon oge jen aja mentjek, ki paninggaran tara bol-bol boer bae ngaleupaskeun andjingna, tapi tartib pisan, salawasna sok neangan heula tapakna.

Paninggaran awas pisan kana tapak anjar djeung tapak lawas, kitoe deui madjoena ka mana, na ha ka kaler atawa ka kidol; sang geusna pertela bener kana tapak na, ki paninggaran kakara ngalanan rante, andjingna dileupaskeun sina njoesoed eta tapak. Andjing noe daek salawasna tjepepet soehoed pisan njoesoedna, tara gembangan, samaksoed djeung noe dimaksoed koedoenoengana na.

Koe tina soehoed djeung tjepepet toeroeg-toeroeg seukeut njoesoed na lila-lila nja kasoengsi anoe bo ga tapak (mentjekna), barang ka panggih gagawak bae manting, minangka ngabedjean ka doenoe nganana, jen kapanggih noe bo ga tapak teh (mentjek tea). Gen tjangna koe doenoengana diboe roe nja toengtoengna beunang.

Eta tjara anoe 2 roepa bieu, oerang djeun pamandangan pikeun nganjahoekun kana bagaban elmoe agama.

SOERAT KIRIMAN

(Loear tanggoengan Redactie).

Tjitalengka 22 Jan. 1934

Kahatoer

dirg. Hoofdredacteur dagblad „Sin. Pas.“ di Bandoeng.

Sareng hormat.

Wisehing „Sin. Pas.“ katingalna kenging disebatkeun di Tjitalengka woewoeh seteur pembatjana, malah teu sepi-sepi roepi-roepi stukken noe djolna ti correspondent noe aja di Tjitalengka, lebah dieu pribados teu kinten ngiring bingahna serat kabar bang sa oerang geus aja dina tahapan kamadjoenan.

Moeng bae, handjakal saeutik, doeka di bangsa oerang mah loem

Naon ari soendana asma? Asma soendana ngaran (djenengan).

Pikeun naon gawena ngaran? Gawena pikeun toedoech atawa tjiri, ngarah soepaja oelah pahili. Naon ari hartina moesamma? Moesamma tegesna noe dijenenganan [noe dingaranan].

Koemaha djalanna pikeun nga njahoekun noe dingaranan? Njanjahoekun anoe dingaranan djalanna aja 2 roepa noe sok di parake njaeta:

1. koe djalan taroki;
2. koe djalan tanazoel.

Ari taroki ti handap teroes ka loehoer (lir oepama noe naek mimiti ti handap, lila-lila nja nepi ka poentjakna).

Demi tanazoel teroes saentas naek (ti loehoer heula, toeroen ka handap).

Atawa beunang diibaratkeun, lamoen rek ka Batawi tea mah make toempak kapal oedara, anoe teu toeman mah, lalewang, aring gi matak baloeas, terkadang di na datangna ka Batawi teh gering bawaning baloeas, samalah lamoen anoe teu boga keur ongkos mah matak lila nepi, da koedoe toeng goe-toenggoe heula bogana ongkos, malah lamoen dina moro tea mah, hese pisan pimanggihkeun mentjek heula da ngadadago dina kabeneranana. Geura lamoen oerang djeung indit rek ka Batawi bari ngeureujeuh make djalan sa lasahidji anoe biasa di (handap) tea, tangtoe moal loba barebedan nana bisa leuwih tereh datangna ka Batawi.

Njakitoe deui dina moro, geura tereh mana meunangna mentjek ngadago djalma (kabeneranana) manggih heula mentjek djeung ngahadja moro njoesoed-njoesoed neangan tapakna heula, kawasna leuwih babari manggih mentjek njoesoed tina tapakna heula.

Djadi koesabab kitoe, moenggoeh dina agama oge lamoen oerang hajang geura papanggih djeung toekang njeun, tangtoe leuwih gampang tina njoesoed tapakna heula, njaeta koe djalan taroki tea.

Poegoech bae sanadjan make djalan tanazoel (ti loehoer ka handap) oge ari matak nepi tea mah ka noe didjoedjoeg [ka noe boga djeun], ngan kawasna bae pilihan djalma atawa djadjalman, lantaran tina hesena koedoe ma ke pikiran oetuek anoe lain loemajan.

Sakieu oge manawi tjekep ieu katerangan teh.

Wassalam

Hormatna poen

Ad. S.

brah (si noe bodo) oepami aja stuk noe matak teu raos teh sok ladjeng bae milari djalmna (person) noe ngarangna, samalah teu kirang-kirang aja 5-6 na noe dongkap ka roempok pribados, soepados panglebetkeun roepi-roepi kaboech noe perloe di kanjahoekun koe oemoem dilebetkeun kana „Sinar Pasoendan“ namoeng ijeu pamoendoe teh koe pribados sok ditolak. Samalah aja noe langkoeng loetjoe, dimana aja karangan noe njentoeg ka noe dicritek, ladjeng ka pribados djadi ngawa sanadjan noe tadina kenal pisan.

Saparantosna dipapaj-papaj eta kadjantenan, tjeuah pedah pribados toekang tjetjek botjek correspondent „Sinar Pasoendan“ sagala diasoepekeun.

Di leresan ieu, sanes pisan pribados rek nembongkeun kaberesihan hate ka noe parantos katodel koe Sin. Pas. (koe critiekna).

moeng paoehoeh djadi oentoga kanoek sok salah sangka, djoeragan Hoofd Redacteur kersa mamparin katrangan saeutik dina Sin. Pas. jen pribados tara ngintoen stuk kana ieu serat kabar, soemawonten djadi correspondentna di Tjitalengka.

Margi-margina aja kadjantenan pribados disangka correspondent Sin. Pas. doeka koemaha awitna, moeng sok aja gerentes di loear tjeuah, Sin. Pas. serat kabaraa Pagoejoeban Pasoendan, teu aja sanes panginten wireh pribados salah sahidi lid Bestuur ti Pag. Pasoendan tjabang Tjitalengka.

Sakali deui pribados ngahatoerkeun reboe-reboe noehoeh, sa-teuatianna sareng saparantosna kana katrangan djoeragan dina Sin. Pas. toer leungit fitnah ka pribados. Kitoe deui moega-moega eta serat kabar tetep aja dina kamadjeangan.

Hoermatna poen

Afandi.

Noot.

Dirg. Mhd. Afandi sanes correspondent Sin. Pas. sareng doegi ka danget ieu red. teu atjan nampi karangan ti 'andjeunna tina kadjadian atanapi kaajaan di Tjitalengka.

Sinar Pasoendan sanes ga doehna pagoejoeban Pasoendan

Red

Doenja Islam

Poepeosna radja Afghanistan asoetanana Amanullah Khan.

(Tina „Pem.“)

Pagoejoeban roesiah noe ngantjam ka Nadir Shah djeung koe lila wargina.

Nepi ka waktue ieu geus terang pikeun pangeusi Afghanistan, sanggeusna kadjadian radja Nadir Shah aja noe maehan, njaeta di dieu aja hidji pagoejoeban roesiah noe ngawoedjoedna tina toekang maehan d'elema djeung noe biasa sok ngantaja djelema-djelema; anggauta-anggautana geus pada soempah, jen baris maehan radja katoet wargi-wargina, sendeng Nadir Shah nja djadi wadal noe kadoea, sabab noe ti heula mah sadereka noe djadi Gezant di Berlin, waktue taoen toekang.

Dina sawatara boelan katoekang geus datang soerat antjanman ka 6 oerang kalawan dianteurkeun koe poe, noe usina ngandoeing maksoed baris maehan, nja antaranan Nadir Shah djeung sadereka tadi, 3 sadereka keneh noe sedjen katoet kapernah poetrana, noe ajeuna aja di Europa.

Noe tiloe tadi masih keneh aja, samalah djadi General balantartara di Afghanistan, Premier djeung Ambassador di Parijs.

Kadjadian poepeosna Nadir Shah.

Poepeosna Nadir Shah, waktue andjeunna ngaloeoechan oepatjara noe biasa diajakeun saban-saban taoen pikeun studenten bagian Sport di kota Kabul, djeung pikeun ngabagikeun persenan, nja eta dina tanggal 9 November pasosore. Samemehna radja Nadir Shah soemping kana roecangan noe disadiakeun pikeun moesidmoerid sakola (Nadzat), henteu kanjahoeh geus dipostel koe sala saeorang didinja noe anggangna ti radja ngan oekoer memeteran bae; timboel pating djarerit djadi kalangkaboet, noe ngabedilna di tangkep, radja nepi ka poepeosna.

Geus njebar bedja, jen djelema djelema noe aja dina golongan pagoejoeban roesiah pikeun nga djalankeun kalakoean kitoe teh geus ngaloeoekeun doeit noe lain loemajan, boh di Europa boh di Azia, djeung lolobana njaeta noe biloeuk ka radja Amanullah Khan noe ajeuna geus ninggalkeun Afghanistan, njalindoeing di Moskou djeung di Berlin nepi ka ajeuna, sedeng baretona noe sakitoe rapetna ka Amanullah Khan, babakoena pisan soepaja bisa balik deui kakawasaanana ka maranehanana noe geus leungit di Kabul.

Saejana kadjadian dibedilna (poepeosna) radja Nadir Shah teh dina powean pisan dihoekoem patina Djendral Golum/Nabi Khan kalawan parentahna radja. Nja eta salasahidji pembelana Amanullah Khan noe dianggapna koe

bangsa Afghan kaom pembela kapertjajaan Moesjrik djeung Kapir, achli bid'ah djeung geus ka loear tina adat-istiadat agama.

Doeit djeung pakakas.

Sanggeusna kanjahoeh, jen Nadir Shah aja dina kaeoggoelan di Habibullah djeung Badja Segar noe kawasa sanggeusna Amanullah Khan kaloeer sarta ngadjalan keunana paparentahan noeroet keun kahajangna sorangan, kitoe deui tingkah lakoeana katjida ke djemna ka rajat diero 7 boelan, dina waktue karadjaan ditjenging koe Nadir Shah, goedang parobot obat djeung doeit kas nagara dijadi panongponng kosong, atoech kapaksa Nadir Shah koedoe marjar balantartara, soepaja oelah timboel revolutie, nja andjeunna namboet ti pamarentah Inggris, kitoe deui obat-obat (ammunitie). Koe djalan dikaboelkeunana sa-koemaha pamoedoeatna radja Nadir Shah, nja bisa koeat ka kawasaanana, sarta ngarobah djeung ngomean noe perloe di ome, tapi teu boeroeng timboel kangwaja, njaeta ti kaom Mela ka andjeunna, babakoena pisan noe aja dina tapel wates, noe pohara ngewana ka Inggris, tje nah nganggapna Nadir Shah teh djadi pakakasa Inggris, boektina nepi ka aja kadjadian Gezant Inggris di Kabul aja noe ngabedil.

Sokongan doeit ka eta pagoejoeban roesiah.

Saejana memang radja Nadir Shah oge geus oeningaen jen loba doeit ti nagara loear noe asoep ka nagarana pikeun njoekong eta kaom pembentji tea, samalah njokong pergerakan permoesohan noe roesiah, geuning aja hidji berlian geus didjoel di Zwitserland kana harga 36.000 pondsterling, nja eta berlian noe Amanullah Khan noe diloeogsoer tina karadjaanana.

Eta doeit henteu sabaraha lila ditekoeurkeun kana doeit kertas sarta dikirimkeun ka Berlin, djeung ti dieu dikirim ka wates India ditekoeurkeun kana rupee, soepaja bisa asoep ka nagara Afghanistan, njaeta pikeun noendjang pagoejoeban roesiah tea noe ngamosoeh ka Nadir Shah katoet familiena.

Geus kaboeiktian waktue student ditangkap, lantaran geus ngabedil Gezant Inggris di Kabul, teroes digaradah, bet loba doeit kertas Zwitserland.

Tapi geus pada terang, sanadjan koemaha oge, balantartara Afghanistan tetep tjintana ka radja anjar, kadjeun aja roepa-roepa pitenah djeung hoeroe-hura sa-koemaha noe keur meudjeuhna ngagoedag-goedag di ieu nagara.

Batjaan poetra Soenda

(Kenging Pangrewong dina Sip.)

Soerat kabar teh beunang oge didjieun oekoeran kamadjoenanana hidji-hidji bangsa. Sagala bangsa anoe enggus atawa eukeur ma djeu pada ngabarogaan saroeapa atawa sababaraha roepa soerat ka bar boh noe dikaloearkeun saboe lah sakali, saminggoe sakali djeung saban powe. Sababna soerat kabar teh katjida pisan penting na pikeun dina hiroep koemboeh, katjida dipiboetoechna k e bang sa maradjoe mah. Koemaha teu rek dipiboetoech, sababna soerat kabar mah toekang kabar, toekang mere bedja, 1 panerangan ka dje lema rea tina kaajaan doenja, boh tina economic, sociaal atawa poli tiek, djeung pikeun nembongkeun angen-angen hidji-hidjina djelema ka djelema rea. Koe ajana soerat kabar oerang bisa njaho kadjadian kadjadian di lembor batoer, nepi ka rarasaan djeung benoea-benoea sedjen teh asa padukeut, da oge pamana kadjadian di Europa po we Senen, powe Rebo oerang geus bisa matja tina soerat kabar.

Pantes rek dipikaresepna pan tes rek dipikaboetoechna. Di tanah oerang bae, entong waka njokot sa-Indonesia, ieu bae di noesa Djawa soerat kabar Walanda ma ni aja sababaraha roepa, kajaning Banten-Bode, Bat. Nwbl., Java Bode, Preanger-bode, Soer. han delsebl. d.s.t., toeroeg-toeroeg hi roepna teh moeloes koe lantaran hade ngabajeonana hade pangra watna.

Koemaha ari di kalangan oerang, poetra Soenda?

Oepama dibanding djeung bang sa deungeun katjida gandjorna. Geura ieu bae. Tjatjah djiwa bang sa Europa di noesa Djawa koerang leuwih 200.000 ngabogaan soerat kabar poean leuwih ti lima roepa. Mangka-mangka tjatjah djiwa sa-Pasoendan [emoet keun sanes sa-noesa Djawa] koe rang leuwih aja 10.000.000. Lamoen noeroetkeun percentage poetra Soenda teh koedoe ngaboga an 50 roepa soerat kabar. Tapi koemaha boektina? Teu koedoe ari nepi ka aja 50 roepa onaman. Djeung noe dimaksoed di dieula in koe poeloech-poeloech roepana, tapi koe daraek matjana.

Ajeuna oerang djoedjoet teroes. Lamoen tina djiwa 10.000.000 tea 50 pCt. noe bisa matja meureun aja 5.000.000 djiwa. Tjokot tina saban-saban koeren aja 5 djelema tangtoe aja 1.000.000 koeren.

Tah koedoena mah sakitoe noe ngabogaan soerat kabar di imah teh. Koedoe ditjonto bangsa Dje pang, bedjana meh oenggal djele ma pada njakoeh soerat kabar njaeta meureun koe sabab ngara sa perloe.

Naha ari poetra Soenda henteu ngarasa perloe kana soerat kabar, henteu harajangeun njaho kajaan noe kadjadian saban-saban poe di sakoeriling lemborna! Atawa emboeng maratia soerat ka bar? Dihoekoeman kitoe oelah waka, boe teuing aja deui sabab sedjen Koe pikiran mah lain emboeng matja, lain emboeng nam bahan loeang, ngan anoe djadi panghalang teh doeit langganana.

Sanadjan dina waktue-waktue ieu soerat kabar Soenda oepama dibanding djeung soerat kabar deungeun beunang diseboet pang moerabna tapi moerah soteh dina bilanganana sabab lamoen dibanding djeung kakewatan meulimah kaitoeng mahal.

Soepaja etjes oerang terangkeun.

Soerat kabar Walanda harga langganana dina saboean f2 50 noe ngalangganna teh rata-rata pangasilanana dina saboean f250.— Djadi harga langganana ngan 1/100 atawa 1 pCt. tina pangasilan.

Ari oerang kapan geus kamasoer mahi koe sadebloeng sapowe.

Tapi oerang tjokot f100 — (?) dina saboean, meureun 1 pCt. teh ngan f1.—, mangka-mangka noe loembran mah ajeuna harga langganana teh leuwih ti sakitoe, noe matak katitih mahal.

Noe ngaloearkeun soerat kabar oge tangtoe njarahoeun mahal na tea mah, tapi lamoen dimoerab-mareh mere sawareh hiroepna soerat kabar teh ngan oekoer saboean kadoeana hos, sabab lobana langganana atjan njoemponan samistina.

Geura lamoen rejek pada daek ngalangan soerat kabar ka loearan bangsa isoen mah harga langganana teh moal koengsi dipenta tangtoe toeroen koe maneh.

Ajeuna hidji kawadjiaban boh ka noe ngaloearkeun soerat kabar boh ka poetra Soenda oemoema pikeun njari djalan sangkan poetra-poetra Soenda daraek maratia soerat kabarna pikeun ngoedag ka madjoenan djaman.

Ari djalanana mah koemaha bae anoe sehat, oepamana bae uitge vers soerat kabar ngaoeran ka dje lema rea, jen oepama lobana langganana njoemponan mah harga langganana teh rek ditoeeroenkeun. Mangga maranahan da mana haneup.

Pangrewong.

ADVIES GRATIS

BOK BILIH DI ANTAWIS PARA MAOS „SINAR PADOENDAN“ GADOECH KAPERLOEAN BADE NGITJAL ATANAPINGA GALEUH BOE

MI. SARENG SABANGSANA OELAH LALI LEBETKEUN BAE KANA ADVERTENTIE

DOEJOENG



Tina s.s.k. sedjen

GELAND

Si kamedja biroce.

Dublin, 20 Jan. (Aneta Reuter Aid.) Commandant Cronin, noe dina tanggal 29 December dihoekoem 3 boelan pandjara, powe ieu geus dihawa ka boei Dublin de' Harbour Hill nja eta noetoep keun hoekoemanana.

Cronin "geus" njeun "proces" ter hadep ka militaire autoriteiten, patali djeung alesan, "jen waktue manehna ngadago" poetoesan papariksaan geus maksa ngalaanan kamedja biroena.

Autoriteiten dina powe ieu geus njeun deui acfie terhadep ka ba latentara Republik Irland (I.R.A.) Detectives geus ngabeslag pirang pirang soerat kabar (officieel'organ] I.R.A. „The Republic“ noe keur didjoelan "di" djalan-djalan sarta teroes diangkoet ka Dublin.

Kitoe deui geus aja sawatara lambar tina eta soerat kabar noe dibeslag ti redactie bureau.

Kapal „Majestic“

Londen, 20 Jan. (Aneta Reuter Aid.) Kapal „Majestic“ ti White Star Line, nja eta kapal panggedena di sadoenja, djadi hidji kapal noe ngabogaan King Geire V. dok di Southampton, oge panggedena di sadoenja.

Pompen, afsluiters djeung paparobotan noe sedjenna ngan didjalankeun koe hidji djelema bae kalawan machinaal (electric). Pantona eta dok pikeun mere lawang ka kapal tadi beuratna aja 1700 ton (tina beusi), sedeng pompen dina diero 4 djam teh bisa ngompa 60.000 ton tja.

DUITSCHLAND.

Jachtslot Göring kaheroean

Noeroetkeun bedja ti correspondent „Berlingske Tiende“ tjeik Aid. jachtslot „Schorfheide“ di Brandenburg noe minister-president Pruisen Göring geus kaheroean, tapi patali djeung aja langgananeu beunang asal moesalana, henteu bisa njaho naon noe ngalantarenkeunana.

„Schorfheide“ teh hidji jachtslot noe kabawah koe pamarentah Pruisen sarta ditjitingan koe minister-president Göring pikeun panitsan jachtslot. Dina waktue-na Kerstmis Göring aja didinja, tapi kabehdieunkeun henteu kabedjakeun aja di tempat eta.

AMERIKA SARIKAT.

Noe sok maling djelema dipachan.

Los Angeles, 20 Jan. (Aneta Reuter Aid.) Eddie Hoffman sala sahidji beroepsboker, kaajeun keun djadi sok malingan djelema ngarah panoeboes, dina hidji waktue koe toekang ngadjoel berlian (permatapermata) geus dibedil nepi ka maotna.

Noeroetkeun katerangan eta toekang ngadjoel berlian, jen Hoffman waktue manehna diberoean hareupeun imahna kana mobil, geus loentjat asoep kana mobilna sarta ngasong-ngasong pestol soepaja teroes djalan.

Dina hidji pengkolan Hoffman geus njoba-njoba rek ngabedil, tapi kaberoe kareboet sarta teroes dibalikeun pestolna meunang lima kali ngabekaskeun, nja nepi ka maotna.

INDIA.

Gempa boemi di India tea.

Toedjoeh pabrik goela ditoebroep

Den Haag, 22 Jan. (Aneta Aid.) Patali djeung ajana kadjadian gempa boemi (lini) di India noeroetkeun bedja ti soerat-soerat kabar di dinja aja koerang leuwih 7 pabrik goela noe henteu noeroetkeun peroesahaanana.



„Poeder Tjap Harimau (Matjan)“

(Obat Sembuhkan Sakit Kepala)

Ini poeder tjap Harimau ada sematjam obat adjaib dan mandjoer sekali boeat lantas bisa semboehkan sakit kepala. Orang bisa trima kembali wangnja kaloe ini obat poeder tida mandjoer atawa tida bisa meneloeng.

Toean-toean dan Njonja-njonja jang dapat, segala roepa penjakit kepala, seperi terlaloe panas, kena angin djahat, maboel arak, poesing dalam perjalanen dengan kendaraan kereta api dan kapal, sakit leher, sakit gigi, sakit koeping, kepala-pening, mata koeningan, kepala berat dan leher kakoe dan laen-laen penjakit jang timboel kerna oerat-oerat kepala, asal minoem ini obat poeder tjap Harimau lantas penjakit-nja hilang dan badan seger kembali.

Silahkanlah bikin pertjabaan, kerna haranja poen moerah, sedia dan simpanlah dalam roemah.

Lantaran sekarang banjak orang-orang jang tiroe kita poenja bikinan obat poeder tjap Harimau, maka pembeli haroes ati-ati dan lebi doeloe pereksa jang betoel soepaja tida dapat obat palsu.

Obat poeder tjap Harimau bikinan kita jang toelen jaitoe, poedernja ada diboengkoes dengan kertas tima poeti dan pake tjap Harimau, kaloe jang tida ada pake boengkoes kertas tima poeti dan tida ada tjap Harimau njatalah itoe ada obat tiroean (palsoe).

ENG AUN TONG
MOLENVLIET WEST 174
TELEFOON BATAVIA 10 60

Bisa didapat pada semoea Apotheek-apotheek dan Drogisterij-drogisterij



Rijwiel en Motor Reparatie Atelier

„DJERAL“
VAN SOERABAJA

Bantjeu —o— Bandoeng

Sanggoep njerikin betoel segala keroksakan Motorfiets, pakerdjen ditanggoeng sampe baik. Dan sedia djoega Onderdeelen dari: Motorfiets American dan Europa Motor. Dan laen-lainna Onderdeelen baroe dan tweedehands.

Memoedijken dengan hormat
DJERAL

Firma **TONGBIE**

Gr. Postweg 6-Telf. 1461

— Bandoeng —

Sajagi roepi-roepi parabol njerat, kangge kapuloean kantoran sareng sakola.

Pangaos mirah.

Agent **SINAR PASOENDAN**
DI:

- Amsterdam: De Globe.
- Tjiandjoer: R. Djadjang, Regentsweg 30.
- Madjalaja: I. Anggawinata Bodjong.
- Tjitjalangka: Marsindi, Gang Societeit.
- Tjimahi: Karmita, Oude Kerkhofweg.
- Bogor: Soekrawinata, Tjiwaringin Tengah 355.
- Soekaboemi: Oding Widjaja, Kaem Kidoel.
- Poerwakarta: R. Moch. Noch Middellaan.
- Garoe: R. Djajadiredja, Papandajan 38.
- Tasikmalaja: R. Ling Djaswadi, Tjimoeloeuweg.
- Batavia - Centrum: Krekot No. 27-29

Anggoer Mak Tjin Tjap S.S.S.
Terbikin oleh Bulgaria Company New York
(Peneloeng boeat orang lelaki dan prampoan)

ANGGOER TJAP S.S.S. ada seroepa minoeman jang baik dan soeda terpoedji. Terbikin dari sari boea tertjampoer dengan roepa-roepa obat jang moestadjab, rasahnja enak dan manis, sedikit poen tida ada tjampoer arak. Orang lelaki dan prampoan, toea dan moeda boleh minoem, bergoena sekali boeat penjakit Pehong, Piansoei, Biri biri atawa anggota badan pada lemas.

Ditanggoeng baik, djika tida baik oewangnja pembeli dibajar kombali.

Selaennja bisa toeloeng penjakit terseboet, poen bergoena sekali boeat orang prampoan jang baroe abis bersalin atawa jang dapat ka-loeron, goena toeti dara kotor dan toelak angin djahat, membikin tambah koeat, segar dan sehat, badan djadi gemoek dan tamba napsoe makan. Kaloe toelang merasa, sakit, moeka poetjet dan orang jang koerang tidoer, atawa orang jang soeka banjak plesir dengan prampoan, baik minoem ini ANGGOER, tentoe tida bisa dapet bahaja. Orang jang abis „bekerja“ malem perloe minoem 1 gelas ketjil, ditanggoeng tida bisa kena penjakit dan badan tida bisa masoek angin, djadi segar dan moeka tamba bertjahaja.

Teroetama boeat penjakit lemah dan koerang dara. ANGGOER ini ada dipoedijken betoel. Boeat roepa-roepa penjakit Hengkak, Pegal dan Meleoeng, dalam sedikit waktoe sadja orang jang minoem ini Anggoer NANTI DAPATKEN BOEKTIJJA.

Atoran minoemnja ada terseboet di Etiket botol.
Orang boenting boleh minoem.
Dimana-mana Roemah, Obat bisa dapet beli.



GOENA BOEAT ORANG PRAMPQEAN

Menjotjoken datang boelan, tanem bibit pranakan, Dateng boelan tida tjotjok. Masoek angin waktoe bersalin. Kepoetian dan kloear dari mera boetek. Dara bergoempel. Dara kloearnja memboros banjak. Pranakan dngin dan kosong. Soeda lama tida berhamil. Dateng boelan peroet sakit. Kaki tangan sakit dan pegel. Boekoe Toelang sakit, Hongsip. Moeka poetjet berwarna idjo. Koelit moeka pias koening kering. Koeping berboenji ramboet rontok.

GOENA BOEAT ORANG LELAKI.

Pinggang sakit, pinggang linoe. Napas dan dara koerang koeat. Kesehatan soemnget tida tjoekeop. Banjak goenaken pikiran dan tenaga. Tangan kaki tida ada kekoetan. Manik kering dan koerang. Moeka poetjet badan koeroes. Kekoeatan ati dan dara koerang. Kepala poesing, mata gelap. Malem banjak kloear keringet dingin. Mengloearken manik waktoe nengimpi. Kelakian tida koeat. Tida napsoe makan of mircem. Kaki tangan merasa lemas dan pegel.

Harga 1 Fleisch besar f 2.25 — Fleisch ketjil f 1.25
„ 1 doz Fleisch besar f 22.— — Fleisch ketjil f 12.—
Hoofdagent boeat Ned. O. I.

ROEMAH OBAT BAN KA TJOEN
TJIKAKAK No. 21A — BANDOENG
Ban Sioe Tjoen Tay Seng Tong
Paserstraat No. 8 Astana anjar No. 6
BANDOENG BANDOENG

MAATSCHAPPIJ „INSAF“ MADJOE

Rahajat Soemedang siap.

Rahajat di Soemedang mah doegi ka Perjantoenna merloekeun pisan ngagaleuh aandeel ti Mij. „Insaf“, nja kitoe deui ti sanes-sanesna tempat, sanaos bade Boboran Siam teu boeroeng di damel sami wadjlina, ari koe kitoe teja mah memang parantos ninggang kana waktosna, da tjariosan „kedah sepakat djadi hidji t a n a g a“ teh parantos didamel katjapangan (paribasa) ti kapoengkoer. Komo ngagaleuh aandeel ti My. „Insaf“ mah, ngagoeloeng djadi hidji tanaga teh, sanes keur ngajonan moesoeh, namoeng kangge ngabela pereconomian sareng pertanian bangsa oerang, langkoeng tetela kangge ngadjoengdjoengkeun herkat daradajitna bangsa oerang dina kalangan biroep-koemboeh.

Ajeuna My. „Insaf“ tjatjakan nembe goebtrag mah di lachir-keunnana, nganggo parantos toeloendan-telenden, malah dina toetoept tahoen 1934 mah tangtos tiasa mere maweb ngabagikeun kaentoengan (dividend) ka aandelhoudersna. Dina tahoen ieu keneh My. „Insaf“ hojong tiasa ngalih kana tempat anoe laloessa, soepados laloessa deui ngalengkahna ngadjalankeun roepi-roepi paesahaan, koemargi eta pertjanten kana ka insafan para Drg. soepados enggal dikiatkeun tanagana ieu Maatschappij koe djalan ngagaleuh aandeel-aandeelna anoe pangaosra f 1.— f 5.— f 10.— f 20.— (tiasa ngagaleuh sakersana, sanaos moeng f 1.— oge parantos sjah dianggap aandelhouder).

Hormatna Bestuur N.V. „Insaf“
Kopo-weg 79 Tel. No. 1611 Bandoeng

Loterij baroe Moelai didjoel 16 Januari 1934

LEKAS poean diangen sampai kabisan Loterij oewang besar f 500.000 terbagi dalam 50.000 lot a f 11.— dan terbagi lagi dalam kwart Lot a f 2.80 boeat goenaja „Mij. Voor Individuele Werkverschaffing“.

Totol djoembilah prijs-prijs f 250.000.

| | | |
|-----------------|------------------------|-------------------------------|
| Jaitoe: | 1 prijs dari f 100.000 | Lot-lot bisa dapet beli pada |
| 1 „ | „ f 50.000 | TOKO LARIS |
| 1 „ | „ f 25.000 | Gang Asem - Tjimahi |
| 1 „ | „ f 10.000 | — Telefoon No. 29 — |
| 1 „ | „ f 5.000 | Penarikan di Batavia pada |
| 5 „ | „ f 1.000 | boelan Februari '34 katjoeali |
| 10 „ | „ f 500 | bila itoe tanggal dimadjoek- |
| 500 „ | „ f 100 | kan oleh Directeur van Jus |
| Totol 520 prijs | f 250.000 | |

titie, djika lot-lot terdjoel abis lebih siang, Kaloe lot tida terdjoel abis, prijs-prijs akan dikoeerangin dengan berimbang, pengirimans remboeurs tambah f 0.75, aangeekend f 0.35.

LICHÉFABRIEK „FAFOENG“
TEL. 798
AUTOTYPEN EN LUNCLICHES
RUBBER EN KODEREN STEMDELS
BIOSCOOP-LANTAARNPLATEN
RECLAMEBORDEN EN TEKENINGEN
GR. POSTWEG WEST. 14. BANDOENG

MONSTER GRATIS

Pesanan f 25.— ongkos vrij

Para Djoeragan Istri sareng Pameget, oepami baranggaleuh anggoan anoe model anjar sareng pangaosna mirah, oelah lepat ka adres noe kasebat dihandap ieu:

TOKO „JAVA“
Pasar Baroe 76 — Bandoeng.

- Salamina nampi barang-barang noe anjar, sapertos:
- Gabardine Wool 100 pCt.
 - Koelit Kajoe Linnen.
 - Linnen Drill bodas,
 - Lawon Pijama,
 - Crepe de Chine kembang,
 - Coepe Georgette kembang,
 - Caroline kembang,
 - Poplien palos lemas

s. s. t. Koffer beusi, wadja, Koffer sibre, tempat lemareun.

— Hoermatna —
TOKO „JAVA“
Pasar Baroe 76 — Bd.



LANDONG ANTI-SYPHILIS SARENG GETIH KOTO

914 Tab' leif ceatan Sheng hui nemoetkeun anoe palinter tiasa ngadamangkeun kasawat syphilis sareng getih, kotor, bisoel noe nanahan, kasawat dina koelit sareng kasawat toelang syphilis.

Ieu landong sanes woengkoel ngaleungitkeun ratjoen sareng bacil noe didjereu getih oge tiasa ngahadean sareng ngoeatkeun getih dongkap ka salira djadi karaos sehat sareng kiat. Koe sabotol oge parantos tjepak teu kedah ngoendak deui, sareng hasilna baris njanngkeun.

Katerangan noe langkoeng tebih tiasa kening kalawan gratis.

Harga 1 botol f 1.—
Per dozijn f 10.—
Ongkos djabi.

Tiasa ngagaleuh di saban-saban roemah obat atanapi ka:

Hoofdagent:
MEDICIJN IMPORT.
SAM TAK CO.

22 Gili Moeka Kali Soerabaja.

Agent Batavia **PING PING & Co., II, Glodok, Batavia**
Agent Bandoeng: **TJIE HO TONG Tjikakak 105B.**
Agent Palembang: **TAY TIK SANG 16, Ilir.**